ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№14 (22.422) • 2013 гъэм щIышылэм (январым) и 26, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail1.ru adygeale.ru

Гугъэм дэщIэращIэм гъуэгу иIэщ

• ЗэIущIэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къабэрдей-Балъкъэрыи и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен щIышылэм и 24-м Тырныауз къалэм зэIущIэ щригъаIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Хьэсанэ Руслан, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗЭХУЭСЫМ и пэ кьихуэу, республикэм и унафэщIхэр Тырныауз и щIыпIэ зыбжанэм щыIащ. Ящэ щIыкIэ ахэр кIуащ къалэм и Герхожан хьэблэм дащIыхьа унэщIэр зрагъэлъагъуну. Ар жьы хъуа псэупIэм щIэсхэр кIыщIэгъэIэпхъукIыным хуэунэтIа республикэ программэм тету яухуа унэщ. Абдеж унэщIэм щIэтIысхьажэхэмрэ гъунэгъуэхэмрэ хьэщIэхэм щыгъупIастэкIэ гуапэу къащIуащIащ.

Республикэм и Iэтащхьэм къалэдэсхэм фIыщIэ хуащIащ зэпымыууэ гулъытэ къаIэзэрыхуащIым щхьэкIэ икIи апхуэдэу дяпэкIи къахущытыну зэрыщыгугъыр къыхагъэщащ. Абы и жэуапу Къанокъуэм бысымхэр игъэгуфIащ, Тырныауз комбинатыр къэзыгъэлэжьэжьыфым хьэрычэтыщIэ-инвестор США-м щыщу къаззрыхуькъуэкIар яжриIэри.

- Щэч хэлъкъым дэри тлъэкI къызэрымытыгъэнэнум, - жиIащ Iэтащхьэм, - ауэ ди зэфIэкIкэр дызыхуейм хуэдэу щыткъым. Нэхъыщхьэу зэран кьытхуэхъур къалэдэсхэм зи гугъу фщIы Iуэхугъуэхэм папщIэ къыгхуауэГIыпщ ахъшэр зэрымацIэрщ. Ар къэгъэлъытэри, Тырныауз комбинатыр «къэзыгъэпсэужьыну» зи мурад инвесторым етщIыIэну зэгуры Iуэныгъэм хэдгъэхьэнущ фи къалэр къэгъэщIэрэщIэжьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэри.

КъыкIэлъыкIуэу республикэм и унафэщI Гучыр кIуащ Тырныауз дят курыт еджапIэ №3-м. Мы зэманым ар зэрагъэпэщыж егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапи Iэхэр къэгъэщIэжьыным теухуа программэм ипкъ иткIэ. Щколым и унащхьэр зэрахъуэкIащ, 2000 гъэм бгым къехауэ щыта ятIэпсым зэщIигъэча щхьэгъубжэ блыпкъхэр щIэрыпсу халъхьажащ. ЕджапIэм и унафэщI Хутуевэ Любовь зэрыжиIамкIэ, дяпэкIэ унэр къызэрагъэплъ бжьамийхэр зэрахъуэкIыну я гугъащ.

Республикэм и Iэтащхьэр куейм хиубыдэ жылагъуэхэм я унафэщIхэмрэ Iимамхэмрэ щхьэгъэлэжьэжьыфым хьэрычэтыщIэ-инвестор США-м щыщу къаззрыхуькъуэкIар яжриIэри.

- Щэч хэлъкъым дэри тлъэкI къызэрымытыгъэнэнум, - жиIащ Iэтащхьэм, - ауэ ди зэфIэкIкэр дызыхуейм хуэдэу щыткъым. Нэхъыщхьэу зэран кьытхуэхъур къалэдэсхэм зи гугъу фщIы Iуэхугъуэхэм папщIэ къыгхуауэГIыпщ ахъшэр зэрымацIэрщ. Ар къэгъэлъытэри, Тырныауз комбинатыр «къэзыгъэпсэужьыну» зи мурад инвесторым етщIыIэну зэгуры Iуэныгъэм хэдгъэхьэнущ фи къалэр къэгъэщIэрэщIэжьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэри.

КъыкIэлъыкIуэу республикэм и унафэщI Гучыр кIуащ Тырныауз дят курыт еджапIэ №3-м. Мы зэманым ар зэрагъэпэщыж егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапи Iэхэр къэгъэщIэрэщIэжьыным теухуа программэм ипкъ иткIэ. Щколым и унащхьэр зэрахъуэкIащ, 2000 гъэм бгым къехауэ щыта ятIэпсым зэщIигъэча щхьэгъубжэ блыпкъхэр щIэрыпсу халъхьажащ. ЕджапIэм и унафэщI Хутуевэ Любовь зэрыжиIамкIэ, дяпэкIэ унэр къызэрагъэплъ бжьамийхэр зэрахъуэкIыну я гугъащ.

Республикэм и Iэтащхьэр куейм хиубыдэ жылагъуэхэм я унафэщIхэмрэ Iимамхэмрэ щхьэгъэлэжьэжьыфым хьэрычэтыщIэ-инвестор США-м щыщу къаззрыхуькъуэкIар яжриIэри. Ар къэгъэлъытэри, Тырныауз комбинатыр «къэзыгъэпсэужьыну» зи мурад инвесторым етщIыIэну зэгуры Iуэныгъэм хэдгъэхьэнущ фи къалэр къэгъэщIэрэщIэжьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэри.

- Ди гуапэ мыхъуу къанэрэкIым, зыхуэныкъуэхэм тепсэлъыхь къудейм и мызакъуэу, цIыхухэм ефIэкIуэныгъэу щыIэхэми гу зэрылъатэр, уеблэмэ абыхэм щхьэкIэ фIыщIэ зыщIхэми куэду дарихьэлIащ, - къыпищащ и псалъэм Къанокъуэм. - Iуащхьэмахуэ куейм щефIакIуэр туризмэм и закъуэкъым, атIэ производствэ и лъэныкъуэкIи Iуэхущ Iапи Iэ зыбжанэм екъулIэныгъэхэр яIэщ. Къэбгъэльагъуэмэ, Iэщыпхуэм, мэлхэм, джэкъазым я ёкьагъэм Iуэ пэтми хэпщIыкIыу хохъуэ. Псори фыщыгъуазэщ «Кавказ Ищхьэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» турист кластерым зыщиубгъун хуей щIыналъхьэм ди республикэрэ зэрыгъэгъэхьэр. Абы кьыдэкIуэу къыхэгъэщыпхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ куэдкIэ зэрелъытар Къэбэрдей-Балъкъэрым кърапльыну фэр. Гъубж къаIуэ Москва сащыхуоэз Тырныауз комбинатыр «къэзыгъэпсэужьыну» компанием и унафэщIхэм. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэситIым кьриубыдэу ар зэфIагъэувэжыну.

УнэтIынныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ щIалэгъуалэ политикэр. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, абы и лъэныкъуэкIэ ди нэхъыжьыфIхэм куэд яхуэзэфIэкIынуц. Къинэмыщ Iауэ, ныбжьыщIэхэр сэбэпынагъ зыпыл лэжьыгъэхэм зэшэн хуейщ. Къэрал кIуэцI IуэхугъэмкIэ министерствэм и къудамэу мы щIыпIэм щыIэм и унафэщIым зэрыжиIэмкIэ, Iуащхьэмахуэ куейм щыпсэуну тешыныхьхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуащ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

АдэкIэ псалъэ иратащ КъБР-м экономикэ зыужьынныгъэмкIэ и министр **Мусуков Алий.** Ар тепсэлъыхьащ Iуащхьэмахуэ куейм хиубыдэ жылагъуэхэм я курыт еджапIэхэр, сымаджэщхэр, нэгъуэщI Iуэхущ Iапи Iэхэри зэгъэпэщыжьыным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Мусуковым зэрыжиIэмкIэ, районым ику иту щызекIуэ улахуэр сом мин 14-рэ сом 360-рэ мэхъу. Абы и лъэныкъуэкIэ куейм республикэм 4-нэ увыпIэр щиIыгъщ.

Министрыр къызытеувыIахэм ящыщщ 2007 гъэм елъытауэ нэгъабэ районым къыщрахьэлIа мэкъумэщхэкIыр процент 74-кIэ зэрыпэхъыбэр, а пIалъэм къриубыдэу Тырныауз щызэфIагъэувэжа псэуалъэ унэхэм я бжыгъэр 21-рэ зэрырикъуар, Къущхьэхъу ухуэзышэ Гундзэлэн - КъухъэпIэКъэнжал гъуэгур зэрызэрагъэпэщыжар, гъэшхэкIымрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ елэжь Iэнатlэхэм зэрызаужьыр, нэгъуэщIхэри.

Iуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и унафэщI **Малкаров Аслъэн** тепсэлъыхьащ 2011 - 2012 гъэхэм куейм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ дяпэкIэ къапэщылъхэмрэ. Абы республикэм и Iэтащхьэм куейм щилъэгъуа зэхъуэкIыныгъэфIхэм арэзы зэрытехъуар, апхуэдэуи дяпэкIи я Iуэху зехьэкIэр егъэфIэкIуэным теухуа чэнджэщыфIхэр къаIэрыритар и гуапэ зэрыхъуар къыхиурэщащ.

Малкаров Аслъэн жылагъуэр мамырыныгъэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ республикэм и унафэщIхэм къыхаха гъуэгур дяпэкIи даIыгъыну Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр къиитIэгугъащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



Сурэтыр **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *трихащ.*

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Iэтащхьэм жылагъуэ парламент къыззгъэпэщыпхъэу къелытэ

Къанокъуэ Арсен ар щыжиIащ Парламентым хэт фракцэхэм я унафэщIхэм щахуэзам.

ЗЭIУЩIЭР Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ икIи абы Iуэху куэдым щытепсэлъыхьащ. Республикэм и Iэтащхьэм парламентархэм яжриIащ властымрэ жылагъуэмрэ зэдэлэжьэныкIэ иджыпсту щыIэ Iэмалхэри нэгъуэщI Iэхэри къэгъэсэбэпыным, абыхэм зегъэужьыным мыхьэнэщхуэ зэраIэр, щыхуэхмрэ властымрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъри нэхъ лъэщ щIын зэрыхуейр.

Къанокъуэ Арсен къыгъэлъэгъуащ дэтхэнэ къалэми къуажэми жылагъуэ совет щыIэн зэрыхуейр икIи жылагъуэ парламент къызэгъэпэщыным и Iуэхум егупсысыну депутатхэм чэнджэщ яритащ.

- Сэ къызолъытэ цIыхухэм нэхъ дапыщIауэ дыщытын хуейуэ, абыхэм я зэфIэкIыр дэ иджыри нэсу кьэдгъэсэбэпыркъым. Щыхуэхэм я зэхэщIыкIым пщIэ хуэщIыпхъэщ - абыхэм сэбэн хъун Iуэхуэхмрэ гупсысэхэмрэ къыхалъхьэфынущ. Абы къыдэкIуэу, республикэм исхэм зыхащIэн хуейщ жылагъуэ-политикэ гъащIэм езыхэри зэрыпыщIар, республикэм щекIуэкIхэмкIэ дэ тщIыгъуу жэуап зэрахьар, - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

Парламентым хэт фракцэхэм я Iэтащхьэхэр абыкIэ акъылэгъу хъуащ икIи цIыхухэгъэхьэхуащ щыху нэхъыжьыжьхэр, жэрдэм зыхэлъхэр, зи жылагъуэм, районым, къалэм къыщхьэщыжьыфынуэр жылагъуэ парламентым хэгъэхьэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхьэхэм егупсысын зэрыхуейр. Апхуэдэ цIыхухэрщ сыт хуэдэ Iуэхуми и пэжыпIэр зыгъэIуфынур. ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ совет хэм я сессионхэм, кьуажэ зэхуэсхэм зрегъэхьэлIэн икIи цIыхухэм ядэлэжьэн хуейщ.

ЗэIущIэм хэтахэм къызэралытэмкIэ, щIыналъэм и депутатхэм, хэхакIуэхэм апхуэдэ дыдэу ядэлэжьэн хуейщ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ ФедерацэмкIэ Советым хэтхэмрэ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэкIэ ФедерацэмкIэ Советым цIыхуих хэтщ, ауэ абыхэм ящыщ языныкъуэхэр щалъхуа щIыналъэм щIэх-щIэхыуэр къэкIуэжыркъым.

КъБР-м и Iэтащхьэри абыкIэ акъылэгъу хъуащ:

- ИкъукIэ тэмэму гу лъыфтащ. Абы къегъэлъагъуэ дэтхэнэри ди щIыналъэм зэрытелажьэр, абы и сэбэн зыхэлъхэм кызэрыщхьэщыжыр.

Къанокъуэ Арсен къызэрильытэмкIэ, федеральнэ депутатхэмрэ сенаторхэмрэ щIыналъэм и Iуэху зыIутым щыгъуазэу щытыпхъэщ. Абы къыщымыныэу, зэфIагъэкIа лэжьыгъэм теуха отчет абыхэм республикэм и Парламентым щащIын хуейщ. ЗэIущIэм хэтахэм зэхуаIуэтащ субъектым и Iэтащхьэм и полномочиехэр зэрыратым, участкэ хэхакIуэ комиссэхэр къызэрызагъэпэщым, бюджетым и хэщIэхэр нэхьыбэу социальнэ Iэнатlэм зэрытратагъэкIуадэм езыхэр зэрепльыр.

Къанокъуэ Арсен жиIащ гъэ къэс Парламентым Iэрызыхуигъазэ тхыгъэм зэрелажьэр икIи къыхигъэщащ а документым фIэкIыпIэ имыIэу щыкIыгъэльэгъуэн хуей Iуэху нэхъыщхьэхэм депутатхэр зэрепльыр хуагъэхьмэ, тэмэму къызэрильытэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

КъБР-м и прокурорыр цIыхухэм яхуозэ

Урысей Федерацэм и Президентым и Iуэхущ Iапи Iэу Налшык дэтым щIышылэм и 23-м кьекIуэлIэхэм я Iущ Iащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Жарников Олег.

Абы цIыхухэр зыщIэупщIахэм жэуапхэр яритащ. ЦIыху щхьэхуэхэм кьалэта Iуэхуэр зэхагъэкIыну пщэрылъ щащIащ Шэрэдж, Шэджэм районхэм я прокурорхэм.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым 1 - 3 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 27, *тхьэмахуэ*

u Нацизмэм ихьахэм я фэеплым и дунейпсо махуэщ

u 1904 гъэм Урыс-Япон зауэм щIидзащ.

u 1941 гъэм «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ тIыпIэр ягъэуващ.

u 1944 гъэм Ленинград къалэр блокадэм кьикIащ.

u 1968 гъэм Налшык Къурал музыкэ театр къыщыгъэIуахащ.

u Композитор, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жырыкъ Заур** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

u КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Руслан** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусы 2 - 1, жэщым 2 - 0 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 28, *блыщкIэ*

u Ядерно зауэр мыдэным цIыхур хуэзщIэгъэуIуэным и дунейпсо махуэщ

u 1820 гъэм Антарктидэр къахутащ.

u КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Ингушым, Шэшэным гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Атэбий Игорь** и ныбжьыр ильэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэс кIыщесынущ хуагъэфащэ. ЩIыIэр махуэм градус 1 - 0, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхъэзыр **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Марин.**

Дунейм щыхъыбархэр

Къапльэныр ныбжьэгъу ищIауэ

ЦIыхум хьэкIэкъуэкIэ нэхъеру дыдэри зэрызригъаIэсэм, ар унагъуэм щыIэ псэущхьэхэм хуэдэу и щIанэгIэм, и чэнзыщIыгъыуэм и щапхъэ гъэщIэгъуэн куэд ухуоэ.

Индонезием щыщ Шале Абдулла къапльэн щыр щIыкIу къихьри, и унэм щипIащ, зригъэащ. Иджы Мулан (аращ абы фIищар) балигъ хъуащ - илъэсипл и ныбжьщ, килограмми 150-м щIигъу и хьэльагъи хъуащ. Къапльэныр щыщIыкIум унагъуэм щIэхэкIри абы щышынакъым, уеблэмэ яфIэрI дыдэу езыхэри дэдэжгуу щытащ. Ар афIэкIа зэщIегъэупIэ зэрахуэмыхъунур нэрылъагъу хъуащ иджы - дауэ щымытми, хьэкIэкхъуэкIэщ, щэкIуэнри и лъым хэтщ.

Абдулла къапльэныр унэм щыщIишэм деж, унагъуэм щIэсхэм, щхьэж и пэщым щIольэдэжри, я бжэхэр къагъэбыдэ.

«Си ныбжьэгъу нэхьыфIыр си мыгъуэсу си нэгу кьыхуащIэгъэхьэркъым, - къыпогуфIыкI Абдулла. - Мулан си куэдым кьихьукIащ икIи сэ абы адэкIи сыкIэльыпльынущ, хэт сыт жимыIами».

Усыгъэм и къарур здынэсыр

Къыззрыщ Iэк Iымкl э, усыгъэм фIы куэд къыхуехь щIыхум.

Ливерпуль (Иджылыз) университетым и щIэныгъэлIэм къызэрахутамкIэ, уэс тхьыным щIыхур щехьэмэ къэзыхъуреихь мыхъумыщIагъэ псори и псантхэм еуэным. Усэ кьеджэнри щIыхум и щхьэ куцIыр тэмэму лэжьэныкIэ зэбэпыщхуащ. Аращи, щIыхум и псэри и акъылри зыуэзащIщ, абыхэм зэран яхуэхъу псоми япэувыф «мэIухущ» уэсхэр. Псалъэм папщIэ, усакIуэ щэджащэхэу Шекспир, Эдиот сымэ я Iэдакъэщ Iэкlэхэм апхуэдэ мыхьэнэ яIэу къальытащ инджылызхэм.

Пыхуэсыхум пэщIэт Iэфlыкl э

Пшхьынуи гурыхьу, узри игъэхъужу - апхуэдэ хущхьэгъэхуэм куэд щIауэ щIохьэпс щIыхухэр. Мис-тIэ, пыхуэсыхуэ уахьуамэ, ар зэрызыпкъырыпхуфынуу морожнэ кьыщагупсысащ США-м.

Зэ еплъыгъэкIэ, ар гушыIэу кьыпщыхъунущ, ауэ ар зыщIахэм зэрыжаIэмкIэ, абы хэлъщ фо, имбирь, тIамым, лимоным япсэр, пектин, пыхуэсыхур щIыхум фызрызыху нэгъуэщI къэкIыгъэхэм я лъабжьэхэр. ЦIыхубэм «Хьэлэр хьэлэкIэ Iуауэ» жыхуаIэм тету къамыгупсысауэ пIэрэ мы «хущхьэгъуэр»?

Дохутырэм зэрыжаIэмкIэ, фомрэ пектинымрэ тэмакъ зыкъмкIэ сэбэнщ, имбирымрэ лимонымри куэд щIауэ щIыхуэхэр зэрызэIэзэщ. Пэжщ, дохутырэм емычнджэщу, мыпхуэдэ IэмалкIэ зыбгъэхъуж хъунуи къальытэ хъущхьэкIынкъым IэфIыкIэ гъэщIэгъэнныр зэхъэзыльхьаэ.

Мы махуэхэм

ЩIышылэм и 26, *щэбэт*

u Таможнэм и дунейпсо махуэщ

u Австралие къэралыгъуэр илъэс 225-рэ ирокъу.

u Индие къэралыгъуэм и махуэшхуэщ - Великобританиеми и бжым илъэс 200-кIэ щIэта а щIыналъэр 1950 гъэм республикэ щхьэхуэу хъуащ.

u 1924 гъэм Петроград къалэм и Iуэр Ленинграду зэрахъуэкIащ.

u 1944 гъэм Аруан куейр къызэрагъэпэщащ.

u Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Тау Хьэсанэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

u КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ** къыщалъхуа махуэщ.

u Тхыдэдж, зэдзэкIакIуэ **Мэлбахьуэ Къэралбий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэс кIыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градус 2 - 1, жэщым 2 - 0 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 29, *бгыщкIэ*

u Ядерно зауэр мыдэным цIыхур хуэзщIэгъэуIуэным и дунейпсо махуэщ

u 1820 гъэм Антарктидэр къахутащ.

u КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Ингушым, Шэшэным гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Атэбий Игорь** и ныбжьыр ильэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэс кIыщесынущ хуагъэфащэ. ЩIыIэр махуэм градус 1 - 0, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхъэзыр **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Марин.**

Ди къуэш республикэхэм

Илъэсыщ Iэм и бюджетыр къащтэ

АБХЪАЗ. *Республикэм и парламентым дызыхьа 2013 гъэм и къэрал бюджетыр къыщащ.*

ФИНАНС дэфтэрхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, мы илъэсым я хэхъуэр сом меларди 5,2-м нэсынущ. Бюджетыр къыщащтэм къалъытащ Абхъазым и социально-экономикэ зыужьынныгъэм трагъэкIуэдэну сом меларди 2-м нэблагъэ Урысей Федерацэм къаззрыхуиутIыпщынури.

Мэзхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *2013 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым мэзхэр зыхуей хуэгъэзэным сом мелуан 55-м нэс трагъэкIуэдэнущ.*

2013 - 2020 гъэхэм тещIыхь «Мэз хозяйствэм зегъэужьын» федеральнэ къэрал проектым ипкъ иткIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым дызыхьха илъэсым сом мелуан 54,9-рэ хухахынущ. Ахъшэр щIыналъэм къыIэрыхьэнущ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ Урысейм и мэз хозяйствэм и унафэщI Масляковымрэ зэращIыIа Iа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ.

Сабий мини 10-м щIигъу

АДЫГЕЙ. *Республикэм сабий садхэм екIуэлIэну хуей сабий мини 10-м нэблагъэ чэзум щыщытщ. Нэгъабэ абыхэм ящыщу апхуэдэ Iэмал зратар 580-рщ.*

ЗИ ШКОЛ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIуэхэр Iуэхущ Iапи Iэхэм къащтэнхэм теухуа хабзэр 2011 - 2012 гъэхэм зэрагъэзащIэр республикэ прокуратурэм къыпщытащ. Абы кърикIуэхэмкIэ, щIыпIэ администрацэхэм сабий садхэм зрагъэужьыну зэрыхуагъэувыр къыщыгъэльэгъуа заявленэу 5 судхэм ягъэхьащ. Абыхэм хэпльэри, Iуэхур зэфIахащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей

■ ЗэIущIэхэр ■ Дунейпсо Адыгэ Хасэ

■ Спорт ■ Щабэ къыдэкIыгъэ ■ Малъхэдис

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Узыщыдыхьэшх къыпщодыхьэшхыж.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Сирием ис адыгэхэм я Iуэхум егъэпIейтей

Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэм я зи чэзу зэIуцIэ щIышылэм и 22-м Сэхъурокъуэ Хьэутий иригъэкIуэкIащ. Абы щIэпльащ Iуэхугъуэ зыбжанэм. Ящэу зи гугъу ящIар Сирием кьикIыжа ди льэпкъгъуэхэм нобэ я Iуэху зытетыщ, я псэукIэрщ, я мурадхэщ. Абы теухуауэ зэIуцIэм кьыщыпсэльащ бысымэхэм ящыщу Ибрэхьим Бассам, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, «Гырыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм я Iэтащхьэ СIащ Ахьмэд, КъБР-м Щыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщхьэ Мыкьуэжь Арсен сымэ. Апхуэдэу жаIа псори кьызэщIикьуэжащ ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЗэIущIэм хэтахэм зэрыжаIамкIэ, СХР-м бэлыхь щыхэ уа ди хэкуэгъуэху Къэбэрдей-Балькъэрым щыху 504-рэ кьэбгъэжащ. Ауэ абыхэм ящыщу зыкъомыр - Адыгэ Республикэм, нэгъуэщI гупи - Кьэрэшей-Шэрджэсым Iэпхъуэхэщ. Ди щIыналъэм кьыпа щыху 370-м ящыщу 164-р кьуажэхэм (Благовещенкэ, Крем-Константиновкэ, Анзорей) уэрэ кьыхуащхьуурэ ягъэIэпхъуащ. Мыдрейхэр зэкIэ Налшык кьалэ дэт «Дружба», «Эльбрус», «Горный родник» санаторэхэм щIэсщ.

ЕтIуанэ Iуэхум теухуауэ зэIуцIэм кьыщыпсэльащ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**. Абы и гугъу ящIащ Урысейм Федерацэм и Правительствэм и сауГъэтыр иджыблагъэ зыхуагъэфэщащ зэадэзэпхьухэу Пажьхэ Борисрэ Альбинэрэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрырагъэкIуэкIым. Ильэситхум щIигъуауэ сурэтыщI-модельер цIэрыIуэ Пажь Альбинэрэ абы и фондым и унафэщI Пажь Борисрэ «Нартхэм я хьуГуэфIыгъуэхэр» дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ-фестивалыр ирагъэкIуэкI.

- Пажь зэадэзэпхьым щэнхабзэм хуащI хэлъхьэныгъэм кьыдэкIуэу, зи ужь ит проектым дунейм сом адыгэу тетым я дежкIэ мыхьэнэщхуэ иIэщ, - жиIащ ХьэфIыщIэм. - Адыгэ Iуэхур и лъабжьэу абы зэпеуэхэр щызэхащащ Америкэм, Азием, Африкэм, Европэм я кьэрал зэмылIэужьыгъуэхэм, ахэр псори зэхэту 20 мэхьу. Ахэр щылажьэ Москва дэт «Льэпкъхэм я унэ» Iуэхущ1апIэр я дэлэныкъуэгъуэ сурэт щIыныкIэ зэпеуэхэр ирагъэкIуэкI, абы щытекIуахэм я Iадакьэщ1экIэр зэрыт журналхэр кьыдагъкI. КьыщынэмыщIауэ, иджыблагъэ дунейм кьытехьащ нарт хьыбархэр щызэхуэхьса «Сосрыкъуэ» тхьылър, ар адыгэбзэкIи (зытхар Къэрмокъуэ Хьэмидщ), урысыбзэкIи (зэхьдзэкIар Кузьмин Валентинщ), кьэрыпыбзэкIи (зэхьдзэкIар Кьумыкьу Мамдухьщ) кьыдэжащ. Дяпэкэ я мурадщ адрей нарт лIыхъужьхэм я хьыбар зэрыт тхылъхэр кьыдэжьыным хуагъэхьэзырыну. Апхуэдэуи «Нартхэм я хьуГуэфIыгъуэхэр» дунейпсо художественнэ гъэлъэгъуэныгъэр кьэрал куэдым щрагъэкIуэжащ, Налшык кьалэм дэт Льэпкъ музейми кьыщызэрагъэпэщауэ щытащ.

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд кьыхихъэщащ ахэр кьытщIэхьуэ щIэблэр льэпкъхэм я щэнхабзэм и тхыдэм щыгъуазэ щынымкIэ, абы дегъэхьэхьныжьмкIэ, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм я творческэ зэфIэкIхэм зегъэубгъуныжькIэ хуабжьу зэрыссёбэныр. ИкIи дыщIигъуащ езыр зи редактор нэхъыщхьэ «Адыгэ псалъэ» газетыр сыт щыгъуи зэрыдэIэпыкъур, дяпэкIэ кьрахьжьэ Iуэхуэхэр Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэми зэрыпылIыгьынур.

ЗэIущIэм кьрихьэлIаэхэр адэкIэ тепсэльыхьащ гъатхэпэм и 25-м Мэздэгу кьалэ щекIуэжыну агъэхьэзыр зэIуцIэм и кьыдэгъэпщыкIэ, зэхэлыкIэ хьунухэм. ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ Мэздэгу щрагъэжьэжьынущ политикэ, кьэрал, жьалагъуэ лэжьакIуэ зэрыпсэльтэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудэдэу, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ министру щыта Тыркуин Анатолэ и фэеплъ тпышьль. Ар Ставрополь крайм хьыхьэ Къурей щIыналъэм щыщ Азэней адыгэ жьилэм кьышалъхуащ, гуащIафIэу льэпкъым хуэлэжьащ.

Кьыдэхэхэсхэм ягъэбелджылащ пшыхьэр кьызэгъэпщыным иужь итыну гупыр, абы хэтын папщIэ Мэздэгу кIуэнухэр, нэгъуэщIхэри. ЗэIущIэм хэтащ Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дербит (Мудар) Валерэ, абы и кьудэдэ Бэрэтэн Борис, Тыркуин Анатолэ и кьудэшым и куэд Геннадий сымэ икIи езыхэм я льэныкъуэкIэ зэфIагъэкIыпхьэхэр утыку кьрахьащ.

ДАХ-м и зэIуцIэр иухащ, абы хэтахэр кIуащ «Дружба» санаторэм икIи Сирием кьикIыжауэ абы щыпсэухэм я щыIэкIэ-псэукIэр зрагъэлъэгъащ, Iуэхум и хэкIыпIэ хьунумкIэ зэпсэльахэщ.

НЭщIэпыджэ Замир.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Пшыхьхэр

Илъэс 50-кIэ дунейр щымынут

Налшык кьалэм дэт ебгъуанэ курыт школым щIышылэм и 24-м зэIуцIэ гъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ республикэр хунт кьызэращIыжрэ илъэс 70 зэрырикъум. ЗэIущIэр дахэу, екIуу кьызэрагъэпэщат Налшык кьалэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым, ветеранхэм я кьалэ Советым, ебгъуанэ школым.

ХэКУ ЗАУЭШХУЭМ и ветеранхэм удз гъэгъа зыIыгъ еджакIуэхэр пежьэу гуапэу зрагъэблагъэа пэшышхэм цIыхур щIэст. УшыщIугъфIыкIынт, гу льымытэнкIэ Iэмал зимыIэт щIышылэм я нэхъыбэр зэрыщIэлъагъуэлэр. ЗэIущIэр кьызэIуIэхари езыгъэкIуэкIари езы школым щеджэ цIыкIуэхэрщ. Абыхэм, псом япэу, зауэ лъэхъэнэ гугъум и тхыдэр кьызэхуэсахэм ягу кьагъэкIыжащ. ИтIанэ абы кьрихьэлIа псори зауэм хэкIуэдахэм зы дакьыкьэкIэ щыму яхуэщIыну нэужь, пэщIым кьыщIихьащ ТекIуэныгъэм и ныпыр. Зэманым сыт хуэдэ уIэгъэри игъэхьужу жаIэми, зауэм хэтахэм нобэми я гур кьыходэзэкIыкI ар щалъагъуэкIэ.

Налшык кьалэ администрацэм и унафэщым и кьудэдэ **Дол Анжелэ** псалъэ ирата нэужь, жиIащ нобэ кьахуеблэгъа нэхъыкьэм и щхьэр зэрахуиГъэщхьыр.

- Зэманыр кIуэтэху нэхъ куууэ зыхьдощI кьытхуэфыа текIуэныгъэм, хунтыныгъэм я льэпIагъыр. Ди нэхъыжьхьэм кьыщIыхуа щIыналъэм пащIэм зэрыщIымIэм и фIыщIэщ текIуэныгъэр. Дэ дызэрыгушхуэу ди щIыналъэм щIэст. «Зауэ щIыхьым и кьалэ» щIэ льапIэр Налшык кьызэрыфIащар. Дэр папщIэ зи псэр зыта лIыхъужьхэр зыхэта гугъуехьхэм дыщегупсыскIэ, мамырыгъэр тыгъэ зыхуащIэхэм фIыуэ кьыщIуроIуэ нобэрей дунеймрэ гъащIэр зыхуэдэнымкIэ жэуап зэрыстхыр. ФIыкIыдогъэгугъэ фэ дыфхуэфащэн папщIэ, ди кьару илъ, тхуэзфIэкI кьызэрыдмыгъэнэнур, - жиIэри, и псалъэхэр хьуэхъу дахэкIэ иухыжащ Долым.

АдэкIэ псалъэ ирата Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1кIэ зэщIэуэзда кьарухэм, хабзэхьумэ Iэнатlэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэ Налшык кьалэ щыIэм и унафэщI **Абдулаев Мустэфа**. Абы кьыхихъэщащ мыхуэдэ пшыхьэр псом япэу щIэблэм дежкIэ щхьэпэу зэрыщытыр.

- Зауэм и плыфэ псори зыльэгъуа нэхъыжьхэр зэрыдгъэльапIэр, яхуэфащ пщIэ зэрахуэтщIыр зыльагъу щIэблэм я дежкIэ дерсыфIщ. Нобэрей ди щIэблэр кьуейщIейуэ, Iуэху мыфэмыцэхэм хэту жаIэ - пцIыщ. Мэлпищ щIакьуэншэ хуэркьым, щIалэгъуалэм зы Iыхьэщ апхуэдэу кьахэбгъуэтэнур, – жиIэри и псалъэхэм анэм теухуа уэскIэ кьыпищащ Абдулаевым.

Зауэм теухуа уэсхэм дахэу, гъэхуэу зыколакIуэ цIыкIуэр кьеджа нэужь, Хэку зауэшхуэр Iуащхьэмахуэ льапэ зэрыщекIуэжкIам теухуа кинофильм кьызэхуэсахэр ирагъэплъащ. Нэхъыжь кьэпсэльахэм хэти щIалэгъуалэр гъащIэ узынишэм кьыхураджэрт, иджы щIэпхъэджащIэхэм зыдрамыгъэхьэхьыну лIыйэрт, хэти мамырыгъэр я кьару кьызэрихькIэ яхьуэмэну щIэблэм захуигъаэзэрт, нэгъуэщIхэри я гукъэкIыжкIэ ядэгушэрт.

Класс нэхъыжьхэм щеджэхэм зауэ лъэхъэнэм щыщ теплъэгъуэ кьыщIэгъэпсыгъуэм, зи гур пIащIэ хьуа нэхъыжьхэм я нэпсыр яхуэзыбдакьым. Налшык кьалэм и ветеранхэм я хорыр кьызэхуэсахэм уэрэд дахэкIэ яхуэупсащ. Налшык кьалэ администрацэм и кьэлыхьуэкIуэ гупым и Iэтащхьэ **Степанов Андрей** псалъэ щратым, пщIыхьэщхьэм кьрихьэлIа нэхъыжьхэм фIыщIэ яхуищIри, Налшык дэт 7-нэ, 11-нэ, 20-нэ школищым я хуэмапIэхэм зауэм ехьэлIа хьэпшыпхэр тыгъэ зэрыхуащIыкIэ щыхьэт тхылъхэр яритащ.

- Урысей зэкъуэт политикэ партым и КъБР-м и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ кьудамэм кьыбгъэдэкI фIэкъуэсым кьеджащ партым и щIыналъэ исполкомым и унафэщI **Канунниковэ Татьянэ**. Налшык кьалэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщым и кьудэдэ **Борчаев Чэмал** мыпхуэдэ зэIуцIэ дахэ зи нэгу щIэкIа, зауэм ихьэмыщIкIыгъэр зрагъэльэгъуа дэтхэнэми дерс хихьыну зэрыщIигъуныр жиIащ.

- Ди льэпкъхэм яIэ хабзэмрэ бзыпхъэмрэ зыдэльэ дыщэ пхъуантэр фхъумэ, аращ льэпкъыр кьулей, дахэ зыщIыр. Фи анэм кьывдилъхуа бзэм нэхъ дахэрэ «кьэуат» зыщIэльрэ зыри щыIэкъым, - захуигъэзэщ Борчаевым щIэльащ.

ЗэIуцIэр езыгъэкIыжкI цIыкIуэм уи гур зыгъэуэз зы Iуэху кьыхахэщащ - Хэку зауэшхуэм цIыхуу хэкIуэдам дакьикъэ зырызкIэ уахуэщIыгъуатэмэ, илъэс 50-кIэ дунейр щымынут...

ЩОМАХУЭ Залин.

● ФIыщIэ

И ныбжьыкIэ щIалэми, и зэфIэкIыр лъагэщ

КьызэрыхэуэныкIауэ сымаджэщым щIэпхъуэхэм сащыщкъым. Араш си кIэтIийнэфу сыщыщIэзмыгъэхьеяр. Ауэ ар сэ кIэтIийнэфу сщIа? Узым нэхъ Iейуэ сыкъыщыхигъэзыхьым, сыкъыхихъэнкIыу зэуэ сыкъыщылъэтащ икIи ди унэм щIэсхэм дохутыр кьраджэнуи япэзубыдащ. Зи гъащIэм дохутыр зыфIэмыфIар иджы абы щIэлъэIуу щалъагъуэ, Iуэхуэ зэрымыщIагъуэр кьагърыIуащ.

ПщЭЖДЖЭЖЬЫР сыхьэтихым нэблэгъа кьудейуэ арами, Iуэхум сызэригъэхьащIэр хуэмышIуэ ди адэм и цIыкIуэ дохутырхэм я деж псэльэн щIидзащ. Псоми кIасэут лэжьэн зэрыщIадзэнур. Си дежкIэ зы дакьыкъэ закьуэрэ льапIэт. Щымыхьужьым, зы дохутыр гуэрым ди адэм чэнджэщ кьритащ IэмIэй Заур и деж дыкIуэну икIи кьыжьрIащ ар зыпIэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ1агъэлI нэсу зэрыщIытыр. Зи гугъу ящIа дохутыр Iэзэр щылажьэ республикэ клиникэ сымаджэщым дыкIуэну гъуэгу дытехьащ. Зыри сфIэмыIэфIыж сызыщIа узым Кьулькъуэжьым ИщхьэрэщIыгъэ щIэщIэдзауэ Налшык нэс дэль гуэргъанэр зэи имыуахьжьым кьысщигъэхьурт.

Зы зэман дынэсащ сымаджэщым, Щэмёр кьыптпэплъэрт. Ар кьызэрысIалъагъу, нэхьри сыгужьеящ - Заур щалэ дыдэтэ, и Iэщагъэм зэщIыкIыщхъу щымыIэу кьысщыхуащ. АрщхьэкIэ сыкьэпщат...

Узыр хэтIэсатэ, апхуэдизу сызыгъэгуIэзыр тэмэму кьащIыхуэмышIэм, си лажьэр тэмэму яубзыхуэн папщIэ, нэгъуэщI дохутырхэри кьраджащ. ПсынщIэ дыдэуи кьэпщатэныгъэхэр зэфIэкIащ икIи кьызэуэр си кIэтIийнэфыр зэрырарар Заремэ зи цIэ (ди жагъуэ зэрыхьунщи, а бзылъхугъэм и унэцIэр кьытхуэщIакьым) дохутырым кьихутащ. АдэкIэ Заур псынщIэу операцэ столым сашэну унафэ ищIащ, ауэ, дапхуэдизу щымытами, кIэтIийнэфыр кьафIэуащ. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, кIэтIийнэфыр кьаIуа нэужь, кьелыр яащIэ дыдэщ. Тхьэм и шыкуркIэ, Заур и щIэныгъэ льагэмрэ Iэзагъ инымрэ я фIыщIэкIэ, сыкьелащ.

Си я узышагъэр тэмэму зэтеувэжьыш щхьэкIэ сымаджэщым и хирургиэ кьудамэм и медэстрахэмэ гугъу зыкьыздрагъэхьащ. Псори цIыхуфI защIэщ, я кьалэнхэр нэсу зэрыIэфIахьыным хущIокъуэхэр.

Щэмёй Заури абы и лэжьэгъу медсестрахэми фIыщIэ яхуэощI икIи сохьуэхьу езыхэр зи хьумакIуэ узынишагъэм щымыщIэу, насып, екъулIэныгъэ яIэу псэуну.

ЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмэт.
Къулькъужьи Iщхьэрэ кьуажэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● ЩIэблэ

Лэжьыгъэм хагъэгъуазэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Урысей студент гупхэр» щIалэгъуалэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр кьудэмэрэ Налшык кьалэм щрагъэкIуэкIащ «Хуэкъуэ гупхэм я щытыкIэр, гугъуехьхэр, зыужьыныгъэм и хэкIыпIэхэр» зыфIаща зэIущIэр.

АБы хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Семэн Пщыкъан**, министрым и кьудэдэ **Геккиев Сультан**, «Урысейм и студент гупхэр» штабым и унафэщIхэр, республикэм ит еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри.

- ЩIалэгъуалэ политикэм ипкь иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и мызакъуэу, Урысей Федерацэм зэрыщыту кьыщаIэт Iуэхуэхэм ящыщу нэхъ щхьэпэу къэслыытэхэм ящ студент гупхэр кьызэпэщыныр. Сэ кьызэрысгъэлъэткIэ, Совет Союзым и зэманым студентхэр зэрагъэлажьэу щытар нобэрей гъащIэм кьоэзгъри, ар щапхъэу кьапщтэ хьунущ, - жиIащ Семэнрэ.

Студент гупхэр кьызэзыгъэпэщхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм кьрирубыдэу лэжьыгъэм хэгъэгъуэзэныр, еджапIэр къэзыухахэр Iэнатlэ пэрыгъэувэныр. Илъэс кIуам Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу щыхуэ 170-м Налшык щIалэгъуалэм я Урысейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэмрэ щыIэжьыну Iэмал яIащ. Урысей Федерацэм и кьалэ зэмылIэужьыгъуэхэм студентхэм папщIэ штабхэр кьыщызэрагъэпэщащ. 2012 гъэм КъБР-м икIа студент уэхуакIуэ гупыр хэтащ «Академический - 2012» студентхэм я урысейпсо уэхуэныгъэу ЕкатеринбургщIам, апхуэдизуи Олимпиадэм ехьэлIауэ Сочэ кьалэ щауэхуэхэм. Ди щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ жьыджэру хэтащ «Мэшыкъуэ-2012», «Селигер-2012» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхьэзэхэхэм. Иужьрейм «УэхуакIуэ» ныбжьыщIэ» жиIэу щекIуэкIа Iэпхъуэм ещанэ уэвыпIэр хьыщащ. УэхуакIуэ гупхэм кьыщынэмыщIа, екъулIэныгъэфIхэр кьагъэльагъуэу лэжьащ егъэджакIуэ, кьэлыхьуакIуэ, кьеэзыгъэ, сату, нэгъуэщIхэмэ хэт гупхэр. Абыхэм щыIауэ зэIущIэм кьрихьэлIа щIалэгъуалэм я псалъэм кьыхагъэщащ я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр нэгъуэщIу зэрагъэкIуам и щIыжькIэ, ахъши кьыдэралъэжьащ, зыIууа льэпощхьэпохэри ябзыщIакъым.

«Урысей студент гупхэр» щIалэгъуалэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщI **Шэфий Асльан** кьыгъэлъэгъуащ студентхэр лэжьакIуэ кIуэным гугъусыгъу гуэрхэр зэрыхьэлыр. Абыхэм ди щIалэхэр ямыгъэльэпрэпэн папщIэ, Шэфийм кьыхилхьэащ студент гупхэр гъэхьэзырыныр кьыдэзэпэщыныкIэ еджапIэ кьэс зы цIыку щхьэхуэ хахыу а псом кIэлъыплъныр и пщэ иральхьэну; студент гупым хэтхэр нэхъ щIэхыу лэжьыгъэм пэрыхьэфын хуэдэу, экзаменхэр пасэу зэфIагъэкIыну Iэмал ираты; зыххурагъаджэм елIэтауэ, практикэм и пIэнIэ студент гупхэм зэрыщIалэжьар хуатхыну, нэгъуэщIхэри.

- Хуабжьу си гуапэ мэхьу Iуэхум хэлъ ныкьуэсаныгъэхэр зэрыслфIагъуэм кьыщынэмыщIауэ, хэкIыпIэхэр кьэфIлъыхьэу кьыззрыхэзгъэщIу, - захуигъэзэщ Пщыкъан зэIущIэм кьрихьэлIа щIэблэм. Абы щыжьалагъ кьызэщIикьуэжу, Семэным кьыхилхьащ мы Iуэхум и кьызэгъэпэщыкIэр езыгъэфIэжьэн гуп зэхэшэну.

ЩОМАХУЭ Залин.

● ТхылъыщIэ

Вагъуэхэр ноби мэлыд

«Эльбрус» тхылъ терзанIэм иджыблагъэ кьыщыдэкIащ журналист цIэрыIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ АфIэунэ (ТекIуий) Рае Тlулэ и пхъум и кьалэмыпэм кьыпыкIа тхылъыщIэ. «Вагъуэ жьыжьэхэм я нур» - араш зэрэдкIэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм, абы кьыкIэльыкIуа лъэхъэнэм зи гугъу ящIыну ар зэрыщытыр. IуэхущIафэхэм, псэм щагъэва я гурыгъу-гурыщIэхэм ятеуха а кьыдэжьыгъэм.

АФIэунэр ди республикэм фIыуэ кьыщащIыну радиожурналистщ. Зы хьэлымрэ зы щэнымрэ ит адыгэ бзылъхугъэр псэ кьабзэ зиIэ, гупсысэ куу зыбгъэдэлъ, абы и бзэ Iэфым удехьэх, кьыпкъырыкI гуэгатlэм узыIэпещэ. Рае игъэхьэзыру икIи иригъэжьIыну щыта «Іэдиихх», «Жьэгу пащхьэ» радиожурналхэм щедаIуэм, цIыку куэдым ар псэкIэ зыхащIащ. Абыхэм мыхьэнэщхуэ щаIащ жылагъуэм, Іуэхуфl куэдри кьарикIуащ. Адыгэ лъэпкъ гъащIэм хэмIуэдыжьыкIу хуежьа ди хабзэр, пщIэр, нэмысыр кьэIэтыжьыныр зи кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыща а нэтынхэр апхуэдизуи хуэгъэпсат унагъуэм илъыпхъэ зэхуэцытыжьIэхэм, цIыку пэрытхэм, унэгъащIэ Iэмлуэльажьэхэм, бынунагъэшхуэгъэхэм ехьэлIа, ахэр зыгъэлIейтей Іуэхугъуэхэр зэпкърыхьыным.

Рае и иужьрей лэжьыгъэм куууэ щIэзэпкърыхьащ цIыкумрэ абы и гупсысэмрэ, кьэхьэукьащIэхэмрэ гъащIэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр. «Вагъуэ жьыжьэхэм я нур» тхылъым щыщ зэхьэсыжьащ зэман зэхуэмыдэхэм Къэбэрдей-Балькъэр радиом папщIэ журналист ІэкIуэльакIуэм итхаяу, абыкIэ кьатауэ щыта очеркхэр. Ахэр ятеуха Хэку зауэшхуэм и ЛIы-хьужьхэу ди щыIэм щыщхэм, абы хахуэу хэтэ ди льэхъуэхэм, а зэман хьэлъэм зи гъащIэм дырыкуэ тридза бзылъхугъэхэм, унагъуэхэм. Бзэ дахэкIэ, кьулейкIэ кьэIуэта хьуащ Раисэ дигъэщIыкуэ дэтхэнэ лIыхъужьыми и образыр. Абыхэм ахэтщ гъащIэ щапхъэ хуэфIэгъэзыкIа хьуурэ гум кьынэни, дэрэжэгъуэ хъэзыти. Дауэ хьуми, АфIэунэм ди нэгу кьыщIегъэувэф лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм Іуэху зэмылIужьыныгъэхэр зезыхьа цIыхуужьхэмэ кьызэрыгуэгъэкIэми яIа псэукIэр, щытыкIэр, IуэхущIафэхэр, гупсысэкIэр. Зи гугъу ящI дэтхэнэ цIыхуми и псэ льащIэм нэсыфащ журналист Іэзэр, гум щагъэтIылъа гукъэкIыжкIэмкIэ абы кьыдэгуащIэрэ псэр хуит кьащIыжу.

АфIэунэм и тхылъым кьыхуэща вагъуэхэр ноби мэлыд, я нурымкIэ куэдым яхуэпсэну. Іэзэр зыгъэкIуэ, ар ятеуха ерыт куэ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «Фепльыт: модэ» жьыжьэу кьыщолыд абы и вагъуэр. ЗыщIэвмыгъэкIуэд ар... ГъащIэм фызыщирихьэлIэ гъащIэм пщIэшхьэпо куэдым фыкъыIэзэрыжьIкIи гъэзугуэльагъэу ар иджыри куэдрэ фхуэхъунуц». Ар пэжщ.

«Вагъуэ жьыжьэхэм я нур» тхылъыр ди республикэм и тхылъеджэхэм гурэ псэкIэ кьыззращтэжьым шэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

АфIэунэ Рае

● Зэпеуэхэр

Зэныбжьэгъугъэ гъунапкъэншэ

Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым щоджэ хамэ къэрал зэмылIэужьыгъуэ куэдым кьыкIа ныбжьыщIэхэр, щIыпIэ щIалэгъуалэм яхэзгъэзу, сыт и лъэныкъуэкIи ядекIуу. Абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI еджапIэ нэхъыщхьэм. А псалъэхэм щыхьэт техьуэ Іуэхугъуэ си нэгу щIэкIащ еджыблагъэ.

ХАМЭ КЪЭРАЛ кьикIа студентхэм художественнэ творчествэмкIэ я фестиваль, «Зэныбжьэгъугъэ гъунапкъэншэ» зэкIащар, нэгъуэжьу щекIуэкIащ университетым. Ар кьызэрагъэпэщащ студентхэм я профсоюзэ зэгухьэныгъэмрэ хамэ къэрал кьикIа студентхэр щеджэ кьудамэм и деканатымрэ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр мылькукIэ щIэгъэкъуэн кьахуэхьауащ.

Іыхьэ зэмылIэужьыгъуэу ягъуэша зэпеуэм я зэфIэкIхэр щагъэльэгъуащ Сириер, Иорданием, Тыркуем, Осетие Ипщэм. Абзэазым кьикIахэу КъБКъУ-м щеджэ студентхэм, Іэкlуэльакlуэу, дахэу зэхалъхьа видеопрезентацхэм абыхэм щагъэльэгъуащ я Хэкум, кьызыIэкIа льэпкъхэм ятеуха теплъэгъуэхэр. ЦIыкIуэр дэзыльхэу щIыпIэ дахэкIэр, кьэралыр зэрыгушхуэ архитектурэр, льэпкъ щэнхабзэр, фащэр, тхыдэр – а псомэ уха ящIэ сурэтхэр щызэблэкIыт гупхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм. Кьызэрихьа цIыкIуэхэр сурэтхэм щыхьалъагъуэкIэ, студентхэм я нэгум зэрызихъуэжьым, зэрыщыгуфIыкIым гу лыптэрт.

Абы кьыкIэльыкIуэу, фестивалыр щекIуэкI пэшым щIэз кьэхъуащ щхьныныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я мэ гукIуэкIэр. КъэнщIакIуэ гупым я дежкIэ гугъут студентхэм ягъэхьэзыра льэпкъ щхьныныгъуэхэм нэхъыфIыр кьыхахыну.

Фестивалым и ещанэ Іыхьэм гупхэм я художественнэ зэфIэкIхэр зыхуэдэр кьыщагъэльэгъуэн хуейт. Кьызэхуэсахэм икьукIэ ягу ирихьащ абхъаз ныбжьыщIэхэм я кьэфхэкIэр, тырку пщащэ цIыкIум и уэрэд жыIэкIэр, иордан щIалэхэм я гитарэ еуэкIэр. Ауэ псом хуэмыдэу гукъинэ ящыхьауащ Сирием щыщ гупым ягъэхьэзыру кьагъэльэгъуа «Сириер дыгуасэ, нобэ, пщэдей» зыфIаща видеофильмыр. Іыхьапщ зэхэтт ар. Зэман гуэр и пэкIэ Сирие Хьэрыл кьэралыгъуэм и псоукIар, лIэщIыгъуэ куэдкIэ зэфIэува кьалэхэм я тепльэхэр, псоуэкIэ дахэм дэрэжэгъуэ кьезыт цIыкуэм я гуфIэ нэгуэхэр щыпльагъурт япэ Іыхьэм. АджкIэ кьыпитщэрт иджырей зэманым а къэралым щекIуэкI зауэ гущIэгъуншэм и тепльэгъуэ щынагъуэхэм: кьалэ зэхэкьутахэр, тыкуэн нэщIхэр, сабий уIэгъэр мафIэ лыгъейм кьыхэхэсы адэр, зауэм факьыпэ ящIа, кьулейсызыгъэ кьызыщIа цIыку насыпныщхэр. Гъэльэгъуэныгъэм и ещанэ Іыхьэр теухуат гугъэм, а къэралым кьикIауэ КъБКъУ-м щеджэ ныбжьыщIэхэм я мурадхэм щытепсэльыхьыкIт. Дохутыр Іэщ1агъэм хуеджэ щIалэм и хэку игъэзэжьынур къэралым и цIыкухэм я узынишагъэр хьумэным хэпльхьэныгъэ хуунщIынущ; архитектору еджэм игу ирильхьауа икIэщIыпIэкIэ и кьэрал игъэзэжу зауэм зэкIикьута кьалэхэм я зэфIэгъуэвэжьым хлэжьыхьыну; дизайным хуеджэм, туризм, банк лэжьакIуэ Іэщ1агъэхэр зыгъуэтыну ныбжьыщIэхэм я хьуэпсапIэхэри зыхуэгъэзэар щалъхуа щIыпIэм, кьэралым сэбэп хуэхъунырщ. Абыхэм я псалъэхэм фэрыщагъ лъэпкъ хэлътэжьым, а псор зэхэзыхьыр ар кьаззрыщIыхьуар кьагъэльэгъуащ Іэгуаеу кIыхькIэ.

Фестивалым и кьэпщIакIуэхэм кьыззраныгъэмкIэ, зэпеуэм хэта гупитхуми зэхуэдэу фIыуэ зыикьагъэльэгъуащ, икIи, зэрыжаIэу, «нэнкьыжьгъуэгъэр трагъэкIуащ». Щыхь тхылъэмрэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэша студент ныбжьыщIэхэм фIыщIэ хуащIащ я куратор-егъэджакIуэкуэ Тэтэр Раметэ, Гутаевэ Жаннэ, КIуэкIуэ Эммэ, Джэш Мадинэ, Мамаевэ Джамиля сымэ, КъБКъУ-м и унафэщIэхэм, ахэр хамэ къэрал зэрыщIэр зыхамыщIу, я унэ щIэлъэ хуэдэу зэрыгушхуэр зи фIыщIэр еджапIэм щагъэуэт гульытэр арауэ зэрыщытым папщIэ.

ЩОДЖЭН Iэминат.



● Спорт

Аргуэру жэз медаль

Подубный Иван и фэеплъу Тюмень щекIуэкIащ альджурым бэнэкIэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Иджы 52-нэрэ зэхэта зэпеуэм кьрихьэлIат къэрал 11-м я спортсменхэр. Абыхэм яхэтт Олимп чемпионхэу Мишин Алексей, Власов Роман, Альбиев Ислам-Бэч, Манкиев Назыр сымэ.

КИЛОГРАММ 66-рэ зи хьэлъагъэм я зэпеуэм жэз медаль кьыщIихащ ди лъахэгъу Зэгъэщтокъуэ Замир. Мырэзжьан Заур и гъэсэныр Москва кьалэм, КъБР-м я щIыхьэр зэпеуэм щихьумащ. Илъэс кIуам Подубный Иван и фэеплъ зэхьэзэхуэм Зэгъэщтокъуэм ещанэ увыпIэр щичыбыдащ.

Ди спортменхэм я екъулIэныгъэхэр

Псыхуабэ щекIуэкIащ шахматымкIэ урысейпсо фестиваль. Зэхьэзэхуэм зэхуишэсащ спортсмен 200-м щIигу.

ЗэПЕУЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и лIыкIуэу 10 икIи зэфIэкI лъагэ кьагъэльэгъуащ. Ящэ увыпIэхэр кьахьащ Эдильсултановэ Залинэ, Егъэн Лианэ, Къарэм Мажмудин сымэ. Дзагуэ Тембулэт ещанэ хьуащ.

Хьарзынэу джагуащ икIи КБР-м и рейтингыр драгъэкIуэтеящ Егъэн Алихьан, Тхьэмокъуэ Амир, Дзагуэ Кьамболэт, КIэмыргуей зэкьуэшхуэ Астемырэ Исламрэ, Щыхьмырзэ ФатIимэ сымэ.

Алихьанхэм я текIуэныгъэхэр

**Киев щекIуэкIащ 1999 гъэм кьалхьуахэмрэ нэхъыщIэхэмрэ бэнэкIэ хунтыкI

● Ацкъан Руслан и усэщІэхэр

Уэс къос, гур зэм хигъахъуэу, зэм хигъэщІу. ЩІихъумэм нэхъ нэхъыбэщ къыщІигъэщыр

* * *

Си кьуэрылъхум жиІэм ельытащ
мы си махуэ гуэрыр зэрыкІуэнур.
КьысхуэгуфІэм, си гум кьелъэтыхь,
ар нэщхьеймэ, махуэ псор мэкІуэдыр.

Зэм мэгуфІэ, зэми ар нэщхьейщ,
сыт а цыкІум и гум щызэблэкІыр?
И жэуапыр сщІэну сэ сыхуейщ,
ауэ си акьылкІэ ар зэфІэкІкьым.

Си нэгу и нэ топхэмкІэ кьоплъыхь,
нубзыху хуэдэ сэ кьысхищІыкІынур.
Абы зэкІэ кьысхуимышІрэ дзыхь,
е кьыфІэщІрэ зэхэзмыщІыкІыр.

СыпІейтейщи, сэ сыпсэльэрейщ.
ЗыхьзощІэ, езым згъэщІэгъуэжу:
и гум ирилъхьэнур щхьэхуэ ещІ,
и щхьэм ирилъхьэнур зэхетхъуэжыр...

* * *

Изыр ныкъуэкІэ кьыщахьуэжым
упсэуащ кьызжаІэнри хэльщ.
Абы зыкІи сыхущІегъуэжкьым.
Абы нобэм сыкьрегъэл.

Изыр ныкъуэкІэ кьозыхъуэжым
и псэм щыщи телъу кьунтынт.
ПщІынт и гуапэ уэ нэгъуэщІым,
гурыфІыгъуэ езыми бгъуэтынт.

Иджы сыт мы дунейм щекІуэкІыр
жыпІэу щытмэ - си щхьэр нэмыс.
Нобэ зыри кьызгурыІуэжкьым,
изыр - ныкъуэщ, ныкъуэр - изщ...

* * *

Ныщхьэбэ кьепщэ жьыр си щыфэм пхокІыр,
дыгъуасэти ар хуабэу щыщытар.
Сэ сфІыуэ сльагъу льэныкъуэмкІэ ар кьокІыр,
згъэпщкІуэ гухэльри кьитІэщІыжь пэтащ.

Сэ зыхэсщІащ зыхэтыр кьызжиІэну
жьы темыпыІэм, кьысфІыщІэпльэу нэм.
Сэ зэгафІа пор ищхьэрэкІэ щыІэжкьым,
абыкІэ нэгъуэщІ гъащІэ кьыщоунэху.

А гъащІэм щыщу сэ кьысльысыр мащІэщ,
а тІэкІум си дунейм сыт хигъэхъуэн.
Ауэ сыпхопль ищхьэрэкІэ гумащІэу,
псэм щыщ кьыщызгъэнауэ арагъэнщ.

Жьыр и фІэщыпэу хопщэ бжьыхьэ
плъыжьым,
дэп хилъэгъуа кьыфІэщІу арагъэнт.
Мэбзэх итІанэ, ихьу тхьэмпэ гъущэр.
Зысплъыхьми, здигъэзар кьысхуэмыгъуэт...

* * *

ПщІэ щиІэжкьым мы гъащІэм псэ закъуэм,
зэрызехьэм сащыщу аращ,
Сыпхроплъри кьаІэм - си макъыр
щызэхахьу нІэжкьым уэрам.

Іэуэльауэр щхьэгубжэхэм ЙоуэФ,
кьолъеиж зэпымычуи - зэгуоп.
Уи гугъэнущ уэрамхэм щызеуэ
щІэльэтыпІэ кьальхьуэу бзу гуп.

Псэ тыншыгъуэр зэгуэр схуэхьумакъым,
иджы иль си Іэпкьльэпкъым ещІэж.
МыупщІэжу си гъащІэри макІуэ,
и щІэдзапІэр здэщыІэр кьэщІэж.

Таксим сисущ кьыззрысщыхьур,
ахьшу махуэхэр кьыпебжьиІ.
Гъэгум щІэптынур пхуримыкьум,
уздэкІуэм унэмысу икІ...

* * *

Пщыхьэщхьэ гуэрым сынэкІуэнкІэ хьунщ,
Си ныбжьыр здыиэсари сщыгъупщэжу.
Уи нэгум гъащІэ псо сэ исльэгъэнщ,
сызыхэмытым зыкъыщысльыхьэжу.

Хьужынщ си жагъуэ, игъэупщІыІуу льыр,
упсэфащ жысІэнщи уэ сэрынщэу.
Емыщхьу сызэсам укъыІэпплынщ,
узбжынщ афІэкІ хэмыльу гущІэгъуншэу.

Жэщ кІыфІ кьыскІэлъысам сыхьыхьжьынщ,
сыздэкІуэм щхьэпэгъуэм кьыкъуэкІынкьым.
Удыну щыІэм сэ сыхуэхьэзырщ,
арщхьэкІэ ар схуэхьыну кьыщІэкІынкьым.

Уэзхым пыщІа гупсысэхэр

1.

Уафэгъуагъуэр кьыщышхыдэрт льагэу,
уэзхыр щабэу щым кьыдзуэрщэрт.
Кьеблыжа си гъащІэм хишьжт льагъуэ,
икІуэтыж гупсысэр сыту жэрт.

Псом нэхь кьлэмэту щыта гъащІэм
мис аргуэру си псэр хэтхьыкІыжт.
Дихьхар гуфІэгъуэм зэми гуэращэрт,
ауэ гъуэгум хуэзэу кьыхэкІыжт.

Уафэгъуагъуэм щІэх икІащ и макъыр,
Пейтей уэзхым теужьи льэмыкІт.
Уафэгъуагъуэм жиІэр зэхэсхакьым,
уэзхыр хуэдэт си гум кьипсэлъыкІ...

2.

И щэхухэр уафэм, кьохри, хохьэ щІым,
и щэхухэр щІылъэм занщІэу уафэм макІуэ.
Зэхуэзэу щытмэ - уафэгъуагъуэ мэхъур,
кьызджикІри щыблэр ара кьыщІэкІынщ.

Уэзхыпхъуэ хьуам, си бынхэм солыхьуэжьр,
щыкъуэдми зыгъэпщкІупІэ уафэ щІагъым.
Шынагъуэщ, дауи, щыблэ зыщІэт уэзхыр,
арщхьэкІэ нэхъ гухэхъуи зыхэсщІакъым...

3.

Си гъащІэр нобэ уэзхы нэужьым ещхьщ,
си бгъэгум уэ щехаэу фІэкІ сымыщІэ.

Мы си гум Іэрыхьар гупсысэ ещІ,
ар нобэ кьешха уэзхыраш зыпысщІэр.

Кьешхащ уэзхх Іэджэ, сэри куэд сльэгъащ,
арщхьэкІэ зыш емыщхьт нобэрей уэзхыр.
Абы и уэрщэрыкІэри нэгъуэщІт,
и щыблэри спэжьжьэт шэ кьэуэжу.

БлэкІащи уэзхыр, мэгъущыж дунейр,
псом яп3 Іащащхэр хогъущыкІ унащхьэу.
Дэхьейри жьыбгъэ машІэм псы инар,
сэ кьысщыхьащ щым кьысхуэнщІауэ
нащхьэ...

* * *

Іэджэм хэт и щхьэ тхъуар ехьэхауэ,
сызэпльэкІмэ, итщ ар си ужь.
Щхьэ сфІэщІат ар дунейм ехьыжауэ?
Хьэуэ, мис, тхьэм и фІыщІэкІэ псэущ!

Хуэму докІуэ, дыхьащи зэгъусэ,
зи гугъу тщІыри кьекІуэкІхэм щымыщ.
Зыр кьэтщІэжьм, нэгъуэщІхэр тщогъупщэ,
дякур зэми мэхьыжьр даущ.

Ди щІалэгъуэр зы гуэрзут абы дэрэ,
ауэ гуэргухэм зэхэкІыу я хьэлщ.
Кьипхьыжьи блэкІа гугъьхэр дэнэ,
иджырей абы яхохьэж.

КІуэхукІэ псальэхэр мэхьур нэхь мащІэ,
езгъэшауэ си гъусэр кьысфІощІ.
Сеупщынт зэрикъекІэ и гъащІэр,
ауэ псори и нитІым кьыщІощ.

И кьэкІуэнри нэгум щызокІуэ.
Ар йожьэж - кьыздикІамкІэ мэкІуэж.
ХужьсІэж хуэдэ си щхьэм жызоІэ,
сэ жызоІэ абы: «УмыкІуэдІ»

ЩидзэжьнущІ дунейм кьытемыхьэу
е зекІуапІэ хуэхьунущ нэгъуэщІ.
СекІуэкІынущ зыкъомрэ, зыспльыхьэ.
СымыщІэжу абы сыльыхьуэнщ...

* * *

Зэ сынэсыжу зезгъэщІыну
сыпІащІэу унэм сыздэкІуэжьым,
а щІалэжь цыкІур згъэІущыну
сыщІыхуежьар кьызгурыІуэжкьым.

ЗэпиупщІат абы си гъуэгур,
Іэтауэ и щхьэр, бакъуэу льэщу.
Из хьауш абдеж гъкъуэкІэр бгъэгум,
зышыІэу схэльыр пэмыльэщу.

СыкьитхъутхъукІыу сыпсэлъэнут,
лей гуэрхэри жысІэнкІэ хьунут,
арщхьэкІэ, пагэу кьысхуеплъэкІри,
сІнхащ си лІыгъэр гъэщІэгъуэну.

Кьысхуеплъых щІыкІэу кьыізэплъакъым.
Кьысхудэплъейри гущІэм пхыкІыу,
теувжащ езым и льагъуэм.
Ар кьысфІэщІащ и сэлам хькІэу.

Сихуат сэ зым емыщхь щытыкІэм,
зэм сыкъэлэбу, зэм сыгуфІэу.
Ар кІуэрт, афІэкІ кьызэмыплъэкІыу,
кьэзгъэщІа псор и ужь иувэу.

СокІуэжьыр, сызыщІэдэІужу.
Жыг тхьэмпэм упщІэщ кьаІущэщыр.
И нитІ лыдар си нэгу щІэмыкІыу
сэ согупсыс нетІрей щІалэщІэм.

ЩІэзгъэкъуэншар кьыхузогъэгъур,
и жагъуэ сщІынуи сигу илъакъым.
ЗэпиупщІа абы си гъуэгур
е сытехьа езым и льагъуэм...

* * *

ИкІащ аргуэру зы щымахуэ,
и уэсыр кьыІэщІэткІухьащ.
И щыІэр бахьэу хьури махэ,
укІытэу щІым кьыщхьэщыхьащ.

Ар дохьэ псыхьуэм, псым щхьэщотыр,
зэригъэзахуэр хэт ищІэн.
Зым зэхимыхьу зэрыщатэр
сыщызэпхыплъкІэ зыхэсщІэнщ.

Абы зэшыгъуэр кьыстригъауэм,
здэсхьынур си щхьэр сщІам арат.
Е кьысфІэщІауэ щытмэ - хьуакъым,
щІэщыгъуэу сльагъур а зырат.

КъэкІуэну уэзхым и льэмакъыр
тхьэкІумэм кьИуэу кьысщыхъуа?
ИкІащ аргуэру зы щымахуэ.
КІуэжащ. Ар сытыт кьыщІэкІуар?..

* * *

Аргуэру си пщэм кьыщІогъуалъхьэ гъуэгур,
и сабэм и мэ Іэфри Іум йоткІухь.
Абы сыщытехьэнум нІэж тІэкІур
гухэхьуэкІэ и уасэщ гъащІэ кІыхь.

ЗыхэсщІэр сэ мыбдежьм схуэІуэтэнкьым.
Апхуэдэу жыгым жьым зыкІэльеший.
Кьыгуроїуэж, зы бжьизкІэ ар кІуэтэнкьым,
жьым тхьэмпэм я щхьащхъ макьыр
кІэльыжэнщ.

Ежьэныр кьысхохьжьэ сэ аргуэру,
ВатъуэрэшибльыщІ щыгъуу нэм кьыщІощ
зыщІыпІи зэкІэ сызэрымыкІуэнур.
Ди псыхьуэм мывэу дэльыр скІэрыщІащ...

* * *

ЖыгыщІэ цыкІуу си псэр зыгъэнэху,
Ватъуэрэшибльым кьудэм ар.
Уи пащхьэ ситщ сэ, симыІэжу щэху,
сыпщогуфЫыкІыр кьуэш кьэзыгъэтауэ.

Си гукьыдэжьыр нобэ бгъэбэгъуащ,
гъэгъа цыкІу закъуэ кьыппидзауэ
сльагъури.
Уэ уи щІэщыгъуэщ, сэ дуней сльэгъуащ,
сыпхущошынэ зэкІэ уафэгъуагъуэм.

Дэ тІум ди гъащІэр зэхуэмыдэу кІуэнщ,
техуаи уи хэхъуэгъуэр си жьы хьугъуэм.
Ухьунщи льагэ, кьыдэкІуей жьпІэнщ,
сэ гъэ кьисхьжьын апхуэдэ лІыгъэ.

Зэгуэр уи щхьэкІэр уафэм щІэуэ хьунщ,
ещхь хьунущ уи кьудамэри Шыхульагъуэм.
Абы зыгуэрым си нэр хильэгъуэнщ,
кьыщысым бжьыхьэ тхьэмпэм
я льэтэгъуэр...

* * *

Уэ сыт щІауэ си псальэм уежьэрэ,
узыпэзгъапльэурэ гъащІэм сехьуэж.
Сыкьэпщыхужьынкьым, сыхьуащ нэгъуэщІ,
езым зыкьысхуэщІыхуэж уфІэщІрэ.

Сльагъу хуэдэщ уэ нобэ узэрыпсэур,
уепхауэ щІыкІапэ укъыізытезнам.
Уэ си щІалэгъуэм укъыхэзнащ,
ар нэгъуэщІ гъащІэу кьысщохьур зэми.

ФІыуэ узольагъу жысІэм, укъэзгъэпцІэнщ,
услъагъукъым жысІэм, укъызэмыдаІуэ.
А тІум яку дэтыр кьэзгъэтыну дауэ?
Сэ псальэ кьызэрыслъысыр зэщ...

Сонетхэр

101

ЩысІэщІэкІащ щыуагъэ Іэджэ гъащІэм,
кьощ ахэр нэгум, схуэбзыщІыну хьункьым.
Жэуапу сагъэхьам имыІэ гъунэ,
кьысхуагъэгъуэм и бжьыгъэри сымыщІэ.

Нэм кьыщІаІужт нэхьыбэм си щыуагъэр,
утыку сыкъралъхьэнут яфІэфыжьжьу.
Яхэтт, щыуагъэм я нэхь иныр щысщІми,
гу лъмитауэ фэ зытезыгъауи.

Щыуагъэ кьэскІэ псэкІэ согъэвыжьыр,
сщыгъупщэжауэ кьыщысщыхьум дежи.
Зым джэгум щикьутэщи си гукьыдэжьыр,
адрейм жэщ ныкъуэм сыкьеГъэуущыжьыр.

Зым кьимыщІа щыуагъэрщ псом нэхь
хьэлъэр,
сызэрыпльыкІынур арщ зыхэльыр.

102

УмыщІэу кьыздихуари кьыздикІари
кьущит мы гъащІэм щыІэщ лъэкІынигъэ.
Сэ кьыспикІухь зэпыту екІуэкІами,
иджы ар кьыслысащи, си гур ныкъуэщ.

Кьыплъысыр Іуэху, епщІэнуращ
нэхь гугъур,
щыпІахьжьыну махуэри умыщІэу.
Си лъэкІынигъэр зэсхьэлІэн солыхьуэу,
гукъэкІыр Іэджэщ, зыр адрейм емыщхьу.

Хьуэпсэгъуэу унэ дэсщІыхьын ди псыхьуэм
е нэху сыкьекІым сытехьэн гъэзгу жьыкъ?..
А псоми сыхэмыту, и ужь сихьэу,
уи гъащІэр насыпэзащІэ щхьэ сымышІрэ.

Си дежкІэ усІэтыныр зым щымыщ,
сыплъэІэсыжьну щІы си фІэщ.

103

Солыхьуэ ноби псальэм я нэхъ Іэфым,
согувэ, сахэдэн хуэй хьуащи куэдым.
СыльэІэсащ гум щыщІэр зыІуэтэфым,
гур хэзыгъахьуэ кьэзгъуэтан хуэдэщ.

Сызэжьар сыт-тІэ? ГъащІэр кІуащ
здэкІуэнум,
къэзыгъэзэжьынури кьэкІуэжакІэщ.
Хэт и гугъа аргуэру кьыстекІуэну
сльытар згъэунэхуа кьомым дэкІуэдакІэу.

СигъэпІэщІэну хэтми гъащІэ псынщІэр,
кьыстокІуэ гуитІщхьитІыгъэр, хэтщи
си лъым.
Сэ схуэдэм нэхьрэ хэт нэхьыфІу зыщІэр
хуэзэфІэкІынур игъуэу жьІа псальэм.

Имыгъуэу жьІа псальэм ищІэфынур
уэ нэхъ нэхьыфІу хэт зыхищІэфыну...

104

Дэп зымыщІ мафІэр сфІэгуэныхь мэхъуж,
ар мэкІуэдыж, и бзийр зэрыункІыфІу.
Дэп зыщІыр тІэкІу иджыри мэпсэуж,
щытарэт ар абдеж зэхэтщІыкІыфу.

ДыкІэльыпльам и дэп кьэсыху, тльагъунт
кьэхъуапсэу мы дунейм кІэрыужьыхьыр.
ЩІыхуэкІуэр яжьэм зыхэтщІэнкІэ хьунт,
кьэтщІэнкІэ хьунт мы щым и
хущхьэу щІэхьур.

Абы игъэзэщІэнущ и кІэм нэс
кьалэн кьызэрымыкІуэу дэльыр и пщэм.
Дэп зымыщІ мафІэр епІэщІэкІыу ес,
кьит хуабэри, хэт жиІэу щытми, ещхькьым.

Дэп зымыщІ мафІэр зэрыхьуар куэдыІуэ
кьысфІэщІрэ щхьэ ящыщу ди кІуэдыпІэм.

105

Си гъащІэр къэувыІауэ кьысщыхьуащ
дунейр щызэщІымышхьу зы махуэ гуэрым.
Сльэгъуар сльэгъуащ, кьыспэплъэркьым
нэгъуэщІ
щыжьысІэ дыдэм, Іупщ хьужащ кьэкІуэнур.

ФІыуэ сльагъу псори кьыщІыхьащ си нэгу,
хэт кьысхуэпІащІэу, хэти сэ кьызэжьэу.
Си гъащІэр пІащІэу техьэжащ и гъэгу,
кьызэт гуфІэгъуэр махуэ кьэс зыхэсщІэу.

Иджы йокІуэкІ ар, ещхьу ІэщІэкІам
кьызэмылыну и гугъа ухьгъэм.
Си гъащІэм кьару ин кьыльыкъуэкІащ,
и куэду фІэкІуэдын кьыщищІэм щыгъуэ.

ЗыфІэкІуэдынум я кьарур хэльхьэжи,
абы хуэзфІэкІынум щІэ нІэжкьым.

106

ЛьагапІэ Іэджэ гъащІэм зэрехьуэкІ,
уиІэту кьыпфІигъэщІрэ псэр ихьэху.
Зым бжьэ икІуху пщІэнтІэпсыр ирекьуэкІ,
адрейр докІуэй, теуваПІэхэр дигъэхуу.

Кьызэригъэгугъэр псори зыщ,
щыгъупщэ пэтми кьаригъэльагъуну.
И дежкІэ зи бзэр псальэм ар насыпщ,
мыпсальэм зи бзэр ирехьэкІыр и нэр...

Хэт кьыщагъуэтыр гъэугум, хэт щокІуэд,
хэт хэжеякІэщ, хэти тхъащ жьыІуэу.
И дэкІуеипІэм гъащІэм кІэрытщ куэд,
абы игафІэ щыгум нэси щыІэщ.

Апхуэдэщ гъащІэр, ауэ, гъэщІэгъуэнкъэ,
ууейр абы и льащІэм кьыщыбгъуэтырщ.

107

ПщэдджьжькІ нэмэзщ. Гупсысэхэр кьокІуэж,
пыщІахэр си унагъуэм яп3 кьищу.
Ди уэрам щэхум ирикІуащ макъ гуэр,
сэ сцІыхуу, ауэ сызэсам щымыщу.

Кьихьащ махуэщІэр. Сигуми ар кьихьащ.
Сэ здэзгъэзэнур сщІэркьым иджыпстукІэ,
ар яп3 кьищу кьаджэм ельытащ.
Зыгуэр псэм фІэфІу хэльщ а си щытыкІэм.

Кьихьащ махуэщІэр. Дыгъэри кьыщокІ,
кьыкІэльыІэбэу ар кьызджикІ льэныкъуэр.
Мы махуэр зэрыхьунур хэт ищІэн,
итІани щыІэщ си гур зыгъэныкъуэ.

ПщэдджьжькІэ дыгъэр кьыкъуокІ
зэхъуэпсэжу.
Щыкьухьэм деж ар ещхьщ зызыгъэсхьжьым.

108

Уи фІэщ мыхьуну куэд щокІуэкІ дунейм,
уи фІэщ хьуа куэди кьыщІокІыжьыр пщІыуэ.
ИтІани си фІэщ сщІыну сэ сыхуейщ
кьысхуэгъэзэну я уэрэдыр бзухэм.

Зы гьуэгурыкІуэ гуэрым кьызжиІащ
кьызэрыгуэкІрэ псэм кьыщыхьэу псальэ.
Си фІэщ ар хьуакъым, ауэ хьу пэтащ,
сэ а зытІэкІум сищыжащ нэхъ щІалэ.

Куэд мэхьу си фІэщ. А кьомым сыхэмыту
си фІэщ сэ сщынут гъащІэр зэрыщыту,
арщхьэкІэ мис аргуэру сыщІогъуэжьыр.

Сэ сощІэ фІэщхъуныгъэм хуэзфІэкІыр.
Сльэгъуащ и пэжьр пщІыуэ кьыщыщІэкІым,
гущІэгъу зыхуащІым щыщ ар зэрыхьужри.

109

Гупсысэхэр льэужь щылъыхьуэ жэщщ.
Уэс кьос, уВыІэжьну игъуэ пэтми.
Си гукъэкІыжьхэр кьигъэушыжащ,
си адэм кьигъэщІам щыщ куэди хэту.

Уэгу гьунэр игъэІэпхъуэу уэсыр кьос.
Плыізащ зауэлі си адэм и нэдждыжьр.
Апха уІэгъэу жэщым кьызэпхопс
жыг щхьэкІэм Іуву кьыпына зэрыщджэр.

Си сабингъэм кьыса уэсым ещхьщ
ныкэбэ псом зыуфэбгъур дунеижьыр.
Абы си нэгу кьыщІыхьэр Іэджэ ещІ,
си гъащІэ псор зэпещІэ зы льэужьу.

Уэс кьос, гур зэм хигъахъуэу, зэм хигъэщІу.
ЩІихъумэм нэхъ нэхъыбэщ кьыщІигъэщыр.

Нобэ Аслъэн кьытхэмытыжми, абы и псальэ гуапэхэр
къэтІущэщу ди Іупэм тельэ зэпытщ иригъэджа дэтхэнэ зыми,
ди гум ильщ сыт щыгъуи икІи илъэнущ дунейм дытетыху.
Ахърэт нэху Алыхьым кьуит, Аслъэн!

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ,
КъБКъУ-м и филологие институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэм и 5-нэ курсым щеджэ.

● Фэеплъ

Зи гугъэмрэ зи гъащІэмрэ зэтемыхуа ЦІыпІынэ Аслъэн

Зи гугъэмрэ зи гъащІэмрэ зэтемыхуа - пасэу, и щІалэгъуэу дунейм ехьажам апхуэдэу хужаІэ адыгэхэм. И мурадхэмрэ кьыхунухэмрэ зэтехуакъым Къэбэрдей псом щхьэкІуэ ящыкъуаІэ дунейм ехьыжа, зи гугъу фхуэсщІыну сыхуей адыгэ щІалэм.

АРАУЭ кьыщІэкІынут ЦІыпІынэ (Ахърэт нэху Алыхьым кьрит!) кьыхуиухар, илъэс 50 фІэкІа къимыгъэщІну. Уегупсысэ, куэдкъым ар, сыту жыпІэну, илъэс 50-м и ужькІэщ цІыхухъум зыщцуэзыщІыр, абы и ужькІэщ гъащІэм зыщихьуэжыр.

«Куэд къэзымыгъащІэу куэд зыІэжьа» жаІэ адыгэхэм. Ар хужьпІэ хъунущ ди егъэджакІуэ Аслъэни. КъигъэщІар мащІэ дыдэми, адыгэбзэкІэ псальэу зы цІыху дунейм тетыху, ягу ильынущ а цІыху щаджащэр.

Сэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэм и етхуанэ курсым сыщоджэ. ЦІыпІынэ Аслъэн Іэмырбий и кьуэр ди отделенэм и кафедрэм и унафэщІу арат. Илъэситху мыбы сызэрыщеджам Аслъэн и цІэр Іейкіэ жаІэу зэхэсхакьым. Хужьпіэн хуэдэуи щытакъым, сыту жыпІэмэ, нэхъыжьми нэхъыщІэми бгъэдыхьэкІэ тэмэм кьаХужигъуэтырт, гъащІэм щыгуфІыкІырт, жьпІэнурамэ, фІы зигу илъ цІыхут ар. Пщэдджьжьым ар еджапІэм кьыщыщІыхьэкІэ, гуфІэу, лэжьыгъэм и нэр кьыхуикІыу, зыхуэзэ, ягум ирилъэу псори фІэдахэу кІуэцІрыкІырт. Гулъытэнщэу зыри кьигъанэртэкъым, дэтхэнэ зыми зэрыхуэгуэнэным яужь итт.

Ди курсыр Аслъэн дыщригъеджар яп3 илъэсращ. Яп3 классым дызэрыкІуам ещхьу, зыми зыри хэдмыщІыкІ жьхуаІэм хуэдэу, еджапІэм дыщІэтІысхьат. Абы щекІуэкІ хабзэхэм зыкІи дыщыгъуаэзэткъым, уеблэмэ, мащІэуи дышынэрт, дыІэнкунт, ауэ ди егъэджакІуэм апхуэдэхр и щыпІэгъуэтэкъым. Яп3 махуэхэм кьыщыщІэдзауэ Аслъэн ди дэльху нэхъыжьым хуэдэу, псалъэ дахэ кьыджиІэурэ щыгъуаэз дищІат псоми. ДыкъызыхэкІа льэпкъым и тхыдэмрэ адыгэ Іуэрыїуатэмрэ дигъэджырти, и лекцэхэм дыхуэпІащІэу дыкІуэрт, жиІэхэм щыщ зыри зэрыдэдмыгъэхуным дыхущІэжьурт. Сыт и уасэт Аслъэн иригъэкІуакІ зы лекцэ ущІэсыну! СыхьэтитІыр, зы дакьикъэу фІэкІа кьытщымыхъуауэ, блэлъэтырти ежьэжырт. И дэтхэнэ псальэухамэ щІэ гуэр кьуигъащІэрт.

Дыщигъаджэм деж и закъуэтэкъым абы дыщыхуэзэр, атІэ махуэ кьэси дыкъилъагъурт. Яп3 курсыр кьэдгъхауэ дримыгъэджэм щыхьуами ар куэдрэ кьытхьыкъэрт, кьыщІэуупщІэрт, сыт хуэдэ упщІэ диІэми абыкІэ зыхуэдгъаэз хъуну жиІэрт. Кафедрэм Іуэху гуэркІэ декІуэламэ, куэд щІауэ зэжьэ хьэщІэм хуэдэу кьытпежьэрт, пщІэ кьытхуищІу, «адыгэ унагъуэ кьыхэкІащ мы цІыкІуэр» жиІэурэ кьытхуэгуфІэрт. Дэтхэнэ зы студентми ар гуапэ тщыхьурт, кьытщхьэщыжьыфыну кьару льэщ гуэрым дыкъызэрихъуреихьыр зыхэтщІэрти. Псоми яхуэгуапэт Аслъэн, псори фІыуэ ильъагъурт, фІэдахэт, зэхэгъэж жьыхуаІэр ищІэртэкъым, зыхуэзэ псори зыгуэркІэ зэригъэгуфІэным, зэригъэгушхуэным яужь итт. Сытым дежи и гур зэІухат, и нэгур зэрызэІухам ещхьу. Арауи кьыщІэкІынут ар зыпэрыуэз и дэтхэнэ Іуэхурри кьыщІехьулІэр. ИгъащІэми жаІэ апхуэдэ цІыхуфІхэр Алыхьым яп3 зришэлІэжу. ЗришэлІэжащ Аслъэни.

Игу илъа псори кьехъулІакъым Аслъэн, гугъэу иІа псори лъэпъэжащ зы дакьикъэм, мураду ищІар игъэзэщІэну хунэсакъым - 2010 гъэм дыгъэгъаззм и 29-м и пщыхьэщхьэм, кьаджэр хьэщІэу иригъэблэгъэн и гугъэу унэм кьыщІэкІауэ яукІащ. Гуузт апхуэдэ цІыхуфІ льэпкъым фІэкІуэдыныр. Гуаузшхуэ кьытепсыхат а махуэм ЦІыпІынэхэ я унагъуэм, Къэбэрдей псом гущІыхьэ ящыхьуат, дэ, иригъэджахэм, хуабжьу зыхэтщІащ а гуэвэгъуэр. Дунейри пшагъуэу, зэхуэфауэ ящыкІ а пщыдэжьыкьым. ЦІыпІынэхэ я гуауэр, адыгэ льэпкъ псом кьытепсыха гуауэзшхуэр, зыхищІэ хуэдэ, кьыддэнэщхьейуэ.

Нобэ Аслъэн кьытхэмытыжми, абы и псальэ гуапэхэр кьэтІущэщу ди Іупэм тельэ зэпытщ иригъэджа дэтхэнэ зыми, ди гум ильщ сыт щыгъуи икІи илъэнущ дунейм дытетыху.

Ахърэт нэху Алыхьым кьуит, Аслъэн!

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Сошэ и гъунэгъуу щитІысыкІа урысыдзэм и хэщІапІэр.
Сурэтыр **Бёлл Джеймс** *ищІащ. 1840 гъэ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщІ Иэзэ

● ГукъэкІыж

ФІы куэд зыщІа цІыху

ЦІЫХУ гъашІэ кьезыхьэлІэ сэ лІыжьыр унафэщІ куэдым садэлэжьащ. А псомэ зы щхьэкІэ кьахощ цІыху Іущу, хьэлэлу, нэмыс хэлъу, фІы куэд ящІэу дунейм тета Сэхьу Къэрэшей. Псэкіи теплъэкіи цІыху дахэт ар, куэдым хэІэзэт, гуп хэтыкІэ зыщІэт. Си журналист лэжьыгъэ кІыхьым щыщІэздзэм яІэ дыдэ сызрихьэлІахэм, сэбэп кьысхуэхьахэм ящыщІу ар.

Дэ пединститутым и адыгэ къудамэм дыщыщІэса зэманым тхаКІуэхэм, журналистхэм куэдрэ дахуэхуэ, абыхэм чэнджэщ кьыдату щытащ.

Сэ нэхъ сызыщыщІауэ щыт «Ленин гъуэгу» газетым Сэхьар жэуап зыхь секретару щылажьэрт. Зы тхыгъэ цІыкІу гуэр схьыри газетым и редакцэм сыкІуауэ Къэрэшей сыхуэзащ, си тхыгъэм кьеджэри, гупсэхууи кьызэпсэлъащ. Ар щхьэтечу, екьэжІ-кьеьхэжІ хэмылъу псалъэрт. И нэ губзыгъэтІыр къыстриубыдэри зыкьыхсхуигъэзащ:

- Къэмрокьуэ и кІуэ цІыкІу, студентыр зищІысыр сэ сощІэ. Мы кьэпхьар газетым тедгъэмэ, сом кьыпэкІуэнур уэрэкІэ зэрымылейр гурыІуэгъэущ, зи щІалэгъуэм и зэманыр зэрыпылІэмэ сыщыгъуазэщ. Пщэу умыукІытэу инри пэжыр иумыухэкІыу кьыжеІэт ущІэтхэм и щхьэусыгъуэр?

- Ахъшэри кьызэлеекІыркьым, ауэ аракьым сыщІэтхэр, - жызоІэ. Адэжь кьыпысщэнуми емыкьюу Къэрэшей аргуэру кьызоупщІ:

- АпІэ сыт?

- СщІэркьым ар кьызыхьэкІыр, ауэ си псэм фІэфщ сытхэну.

- Ар зэрыпылъжьыгъэ гугъэр пщІэрэ?

- СщІэ си гугъэщ. Мы кьэсхьар зэ стхыри сигу иримыхьыжу аргуэру кьистхыкІыжащ.

- Мис ар сигу ирохь... «Уэзгугъур кьогугъуж» жаІэу зэхэпха?

- Ар ди дадэ и псальитІым ящІ.

- АпІэ, Мухьэмэд, иджы сэ жысІэм кьедаІуэ. УэркІэ иджыпсту нэхъыщхьэр мы кьэптхар аракьым, едэжнращи, абы егугъу. Кьэпхьа тхыгъэмэ, тІэкІу ухэлэжьыхьыжмэ, тебдзэ хьунущ, - жиІэщ, чэнджэщ щхьэпэ кьызитри сыкьэутІыпщІыжауэ щытащ абы щыгъуэм.

Деджэрт, зэззэмызэ зыгуэрхэр стхыгъэ редакцэм схьыри, ахэри кьытрадзэрт. Апхуэдэу «Жэмыш» жиІэу си очеркыщхуэ традзэри, кьысщытхъуаэу щытащ. 1951 гъэм майм и 5-м, Печатым и махуэм ирихьэлІэу, Къэбардей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щІыхь тхыльэ зрата гупым сахэхуащ. Иужьки институтыр кьэзуха иужь, редакцэм сыщылэжьэну сратъэблэрэ щытащ.

Тхэмми мыбзаджэу сыхэзэгъат, ауэ сэ сызэрыгугъам нэхъыр нэхъ гугъуэу ящІэжащ. Си гъусэу пединститутыр кьэзыуха Къэуэщысокьуэ Нурхьалин нэкІуат редакцэми, игу иримыхьу кьыІукІыжат, зы илъэси мылажьэу. Тіуми ди гум темыхуэр зыт: махуэ псом зэбгъэпэщу птхам: «Хьуакьым, кІуэркьым», - жаІэу кьыгратхэу кьыщитъэзжьырт. Къэрэшей кьуэдзэу тІу иІэти абы язырат абыкІэ ерыщыр. «Сыт щІмыхьхуар?» - жыпІэмэ, дахэ-дахэу кьопсалъэртэкьым. «ЩІмыхьхуар - хьуакьыми аращ», - жиІэртэ кьыпщыдыхьэшхырт. Ар, дауи, гутехуэгъуейт. Аурэ си дзэр сльыурэ, тхьэмахуэ зэхуакум зэ ебгъэжІ «летучк» жьыхуІэр зэхуэсащ. Абы япэ кьыщыпсалъэ хабзэр зэры-Сэхьу Къэрэшейри сщыгъупщжри, сэ сыкьыщыльэтащ. Къэрэшеи зэ себжьэхьуауэри, ар зи унафэщІ секретариатри хьэм езгъэхьри сытІысхьащ. Си ужьыдэ езы Сэхьуэ кьэтэджри зыгъэурэхэм я щхьэфэ иІэбащ, щабэу, губзыгъэу, шыІэныгъэ хэльу. ИтІанэ гупым захуигъаэзэри жиІащ: «Мухьэмэд мы редакцэм кьызэрыщІыхьэрэ сэ сыкІэльэпльри, зы махуэм нэхьрэ кьыкІэлыкІуэм хигъахьуэу мэлажьэ». ИтІанэ си деджІэ зыкьыгъэзэри кьыпищащІ: «Умыгузавэ, Мухьэмэд, хьарзынэу уэхэзгъащ. ДыззэкІужауи бжьі».

Абы иужькІэ дэнэ укІуэжьынт. Зыри кьызгурымыІуэжу сыдджэрзащ. Си щхьэр субыдыкри «шарикэри» и пІэм хуэмурэ иэзгъэкІащ.

Сэ Къэрэшей куэдрэ сыдэлэжьащ, зэрымыпсоужрэ мызэмыгтІэуи сытетхыкьащ, ауэ а си губжьыжмрэ езым и дахэмрэ зэи и гугъу сщІатэкьымі, мы тхыгъэ цІыкІури кьызэрикІуар аращ.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.



● Щэнхабзэ

Мы сурэтыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Нало Заур нэгъабэ накьыгъэ маэмэ и 23-м трахащ. Абы и гъусэр абхъаз усакІуэ, журналист щэрыІуэ Аламие Геннадийщ. Заур псэуну кьыхуэпэжар махуэ 44-рэт.

● Хъуэхъу

Дзэлыкъуэ куейм хьыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм щыпсэу Кумыщхэ Пётррэ Масирэтрэ зэрызэдэпсэурэ илъэс 50 ирокъурри, дохъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ нэхъыжьыфІ Іумахуэхэу адэ, тхьэмадэ, адэшхуэ щыпкъэ, анэ, гуащэ, анэшхуэ гумащІэ! ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжьрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекІуэ, зи мафІэр мыужьых унагъуэ лъэщым фрихъумакІуэщи, фызиплъыр жьэгур уардэ унэу, фи Іэнэгум берычэтыр щытепщэу, фызэкъуэту, гъащІэм гу щыфхуэрэ абы и Іофыгъэ псори зыхэфщІэу, фи быным, абыхэм кьащІэхьэу щІэблэм я насЫпым, екъуІэныгъэхэм фригушхуэу куэдрэ Тхьэм дянэ фригъэт. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Іэпэгъуу илъэс 50 хьуэу фыкьызэдогъуэгурыкІуэри, дяпэкІи фызэкІэрымыхуу фыпсэуну, фызыщІэхъуэпс фІыгъуэхэмкІэ Тхьэр кьыфхуэупсэну ди гуапэщ.

Куба къуажэм дэс Джэрыджэхэ я унагъуэр, фи бынхэр, къуэрылъху-пхъурытхъухэр, фи Іыхьлыхэр.

● Жыьэгъуэхэр

Фадэ пкІэлъейм кукъу иІэкъым

- ∨ Гугъэм гъащІэр егъэдахэ.
- ∨ Фадэ пкІэлъейм кукъу иІэкъым.
- ∨ ЩыгъкІэ фадэ нэпс кьыщІокІ.
- ∨ ГъэфІа нэхьрэ - гъэса.
- ∨ Акьылкіэ кьаьхар бзэгукІэ яхьыжащ.
- ∨ Жьыгъэм башыр и къэрэгъулщ.
- ∨ Гугъэр бгъунлъамэ, лъэр щеуэ.
- ∨ ЖьпІэм сыт и мыхьэнэ, зыми зэхимыхмэ.
- ∨ Пщы иупсурэ кьыхуэнэжакъым ныбжьэгъу, иджы зыми ищІыркьым псэльэгъу.
- ∨ ЩыІэщ кьызыхэкІа лъэпкъыр зымыщІэж. Абы дзыхь хуумыщІу блэкІ.
- ∨ Хигъахьуэ и гугъэу и гъащІэм, махуэ кьэскІэ щІоплъэ стэкан льащІэм.
- ∨ Яхэтащ и ныбжьэгъуэхэм хьухукІэ кьулей, иджы яхуэзамэ, и пэр дрегъэзей.
- ∨ Пхъум уегьэув, къуэм кьыпхуегъэув.
- ∨ ЩІыхьыр кьызэрыбзэукъым, атІэ кьызэрыпхыщ.
- ∨ НэгъуэщІ лъэпкъым еубзэуурэ, адыгэбзэр щыгъупщэжащ.
- ∨ Хабзэр бзыпхъэкъым, щыдзэкъым ящІыркъым.
- ∨ Зэщхьэгъусэхэм я псэр зы чысэм щимыхуи щыІэщ.
- ∨ Мыхъумыщ1э пщІам ухэщІыпхыхьжкІэ мыхьэнэ иІэкъым.
- ∨ Фадэм имыкьутэф «быдапІэ» щыІэкъым.
- ∨ Ий кІэныр кьикІат, ауэ и кІэнтІыІур хилъхьащ.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

● Нэщэнхэр

Пщэдджыжь пшэплъым уэзригъэплъэкІкъым

- ∪ Пхъэдакъэжьым и фэр тепхэну фІыкъым.
- ∪ Пщыхьэщхьэ пшэплъыр махуибл уэфІщи, пщэдджыжь пшэплъым уэзригъэплъэкІкъым жаІэрт.
- ∪ ПщІантІэ лъагуэм уда кьытеІэну фІыкъым.
- ∪ ПыІэ къэзыщэхуам ехъуэхъуртэкъым, уэзхъуэхъур щхьэузрилэ мэхъу жаІэрти.
- ∪ Сабий цІыкІур яІэ губгъуэм щыдахкІэ, лъапэ махуэ ирихьэжьэну жаІэрти, мышхэми, и Іыхьэ худахырт.

● Псалъэжьхэр

Емызэш и Іуэху къыдохъу

- ∎ Жагъуэу пльагъу Іуэхум гур хуэнэфщ.
- ∎ Зыщі нэхьрэ епль нэхь Іэзэщ.

Гушыіэ

И ныкъуэр кьэгъани, адрейр ихьж

ЗэлІэзфызыр хъарзынэу зэдэпсэуурэ иІэсэ тІощІым нэс дэкІауэ, лІым ефэу къиублат. Ар фызым и гум техуакъым икІи лІым жриІащ:

- АІыхь,ефэнир щымыгъэтыжмэ, зы махуэ симысыну, сыкІыжьынум!

- ИкІыж, - и напІэр хуэдакъым лІым, ауэ укьыщІысщам щыгъуэ килограмм 50 фІэкІа ухъуу щытакъым, иджы килограмми 100-м нэбгъэсащи, си деж щызытепльхъа лыр къэгъанэ, адрейр ихьж.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **3.** Адыгэ тхакІуэ, усакІуэ, «Іушцхьэмахуэ» журналым и лэжьакІуэ щыта. **6.** Щоджэнцікыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и джэгуакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. **8.** ХьэщІэ лъапІэм хуэдизІ Іэщ. **11.** Кьэнжал хьэку щыкІу. **12.** Хъыджэбз ирахьэжьамэ е Іэщ гуп ирахужьамэ, кІэлъыщІэнхъуэ гуп. **13.** Спектаклым и зы Іыхьэ. **14.** Нэхъапэм адыгэм зэрахьэу щыта, гъуэпльэм кьыхэщІыкІа псыльэшхуэ. **17.** Ди унафэщІым дунейр кьутэжьужькІэ и ... къокІыныкъым. **19.** Ж-Хэлэу, жэмаджэ, чыржьын ... **21.** МафІэ бзий кьыщІадзу, уафэм кьыщоуэ. **22.** Къамылым кьыхащыкІ алгъуэрыбгъу, лъэгурыдз. **23.** Хьэкъуущыкъум щыщ. **24.** НапІэзыпІэ. **27.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ... вы бжьакъуэм къокІ. **30.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **31.** Ди гуІэгъу щІалэ цІыкІум ... дахэ иІэщ. **32.** Пасэрей адыгэ зауэлІым и джанэ. **33.** Іуэху мыублэм ... хэсщ. **38.** Гъавэ къэкІыгъэ. **39.** Щыр зэрагъэІэсэ кІапсэшхуэ. **41.** Транспорт лІэужьыгъуэ. **42.** Дыгъэ къыщІэкІыгъуэм уафэм къищІ плъыжьыгъэ. **43.** Щоджэнцікыкум и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и режиссер нэхъыщхьэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист. **45.** Пхъэщхьэмыщхьэ фІыцІэ-къащхьэуафэ хтыжьж къызэпыкІэ жыг пъахъщэ. **46.** Іэщэ лІэужьыгъуэ. **47.** Щыкьыщхьэм ... ин къыкъуэуащ. **48.** Бгы щІэуда, щІыхьэпІэ зиІэ. **51.** Уимыіыхьлы, уимыблагъэ. **53.** Мусылмэн диныр зи тегъэщІапІэ судыщІэ. **55.** Зиусхьэн лъэпкъ. **56.** ЩыхъуэцІэ е Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. **57.** ... кьакІуэм, кІэфий нэкІуэжьынщ.

Кьвхьу: **1.** Щым гъуэ куу къыщІэзытхъу, хьэпІащІохэр зи щхьэнгъуэ псэущхэ щІыкІу. **2.** Бжьыхь ..., жьакІэ ... е нейуэ щымыт. **4.** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **5.** Хъыджэбз укІытэхым и нэкІущхьэр ... кьэхъуащ. **7.** Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь ... Алий. **8.** ЕкІуэкІыу и 3-мрэ 6-мрэ зи гугъу щытщІахэр кьыщалъхуа кьуажэ. **10.** Акъыл зэпІэзэрыт зимыІэ. **15.** Кьуажэ пщІантІэм дэт псэуалъэ, гъэтІылъыпІэ, кьэуздэпІэ. **16.** Хадэ е Іуэ ихьэпІэм хуащІ бжэ. **17.** Гъавэ кьрахьэлІэжам щыщу тхьэмыщІэхэм папщІэ хатЫкІ Іыхьэ. **18.** Сэхьид и ... пажэр хэкІауэ щхьэхуэу мэпсэу. **19.** ... вакъэ льыпТІагъэмэ, щёишхьІыж. **20.** Нэхъ пасэм адыгэм нэгъуэщІ унагъуэм ирагъэпІу щыта сабий. **25.** Зи кьудамэхэр теухъуэнщІыкІа жыг льэдий гъум. **26.** Кьэрэшей-ШэрджэсыМ щыпсэу лъэпкъ. **28.** Зэпымыуэу уэс зытелъ бгы. **29.** Зыкъомрэ щыта махъсымэм и лъабжьым ар кьыщІонэ. **34.** Фызым и ... макъыр лІым и щІэщыгъэжьым. **35.** Псым, бгым я нэпкъ льагэ. **36.** Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакІуэхэм я зэгухьэнигъэм и унафэщІ ... Лейлэ. **37.** Гуфіэгъуэ Іэнэм щысхэр зыхуэй хуэзыгъазэ. **39.** Адыгэ таурыхъхэм зэщыщхьэпІэ шы лъэрыІыкІ Іыхьэ. **40.** УзыфІэфІ дыдэм деж кІуэи тхьэусыхэ, уи ... кьысщыхуэ! **42.** Унэм и зы Іыхьэ, **44.** Нэхъапэм бригадэ зэхьэзэхуэхэм щытекІуам ирагъэпІу щыта щэкІ плъыжь щыкІу. **48.** ... и пІэ ... кьокІэж. **49.** Хадэхэкі. **50.** Хьэцэпэщэ пыупщІа, ямыІуэжауэ. **52.** « ... ныкъуэ щхъуантІэ» - КІыщокъуэ Алим и роман. **54.** БалигъыпІэ иува щІалэм и ... кІуэгъуэщ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Щыщылъэм и 19-м ди газэтым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **5.** Кьэптал. **6.** Уэнжакъ. **7.** Тхъэрыкьуэ. **9.** Бжэныхьуэ. **14.** Хьэлэл. **16.** ХьэмкІэ. **17.** Умэ. **18.** Шыд. **20.** Дэп. **23.** Лагъым. **24.** ШІырыкьу. **26.** Кьэгъакъ. **28.** Пыл. **29.** Нэд. **31.** Дыгъу. **33.** Псынэ. **36.** Набдзэ. **37.** ГурыфІыгъуэ. **39.** Бжэндахьу. **41.** ЛІэщІыгъуэ. **42.** Кьэндур.

Кьвхьу: **1.** Епэр. **2.** Кьанкъуэщ. **3.** Кьэнжал. **4.** Бжэн. **8.** Хьэлэ. **10.** Хьурмэ. **11.** Тхьэщэ. **12.** Шэмэдж-гъэдыргъ. **13.** Хьэсет. **15.** Лашэ. **16.** Хьэпс. **19.** Дэлэл. **20.** Думэн. **24.** ШкІэпльэ. **25.** Кьупхьэ. **26.** Кьудан. **27.** Кьалэн. **30.** Мыкьур. **32.** Гъубжэ. **34.** Мэгъуагъуэ. **35.** Хьэждал. **38.** ФІыщІэ. **40.** Надэ.

● Фэ фщІэрэ?

Лъэпкъыжь дыдэ

Адыгэ, адыгэхэр. Нкь-нжьыж ІьандэрэКавказ ІІщхьэрэ щыналъэр зи хэщІапІэ, абы кьихъуэхьа, ЛъыкІэ зэпха Іакъуэлъэпкъ зыбжанэ (абазэхэхэр, бесльэнейхэр, бжьэдыгъуэхэр, жэнейхэр, кІэмыгуеІхэр, къэбэрдейхэр, мамхэгъэхэр, мэхъуэщхэр, нэтыхъуейхэр, убыхэр, хьэтыкъуейхэр шапсыгъэхэр) кьызщІэзыубыдэ, езыхэр зэрызэджэж фІэщыгъэщ. Курыт ІІэщІыгъуэхэм щетхэжьауэ кьуэкІыпІэ, кьухьэпІэ лъэпкъхэм я тхыдэ тхыгъэхэм адыгэхэр хихьащ «шэрджэскІэ» къеджэу. ЩыпсэУ щІынапІэ елъытауэ нобэ адыгэхэр гуэщащ адыгей, кьэбардей, шэрджэс адыгэ.

Адыгэр лъэпкъыжьщ. Пасэм щыгъуэ абы пыщІэныгъэ яхуиІэу щытащ Циркуп-потий щІынапІэм, Анне Гуупм, нэгъуэщІхэмк. Жэз ІІэщІыгъуэм иПэхэм адыгэ этносыр зэфІэувэн щІидзащ. А лъхьэнэм хуоэз «Нейкьуапэ щэнхабзэр» кьуэнэхуни. Пасэ зэманым адыгэхэм «мэуэ» фІэщыгъэцІэр яІащ. Абы и кьудамэт синдэхэр, ахейхэр, керкетхэр, зиххэр, нэгъуэщІхэри. Ди Іэрэм ипэкІэ ильэс минкІэ узэІэбэлІыжмэ, мэуэт этносыр пыщІащэ щытащ киммерейхэмрэ скифхэмрэ, нэхъ нужьыІуэкІэ - щэрмэтхэм, аланхэм, альдж кьалъэхэм. А зэпыщІэныгъэхэр сэбэп хуэхъуащ Синдикэ кьэралыгъуэр кьуэнэхуныи. Ди Іэрэм и пэкІэ IV лІэщІыгъуэм Синдикэр хьыхащ Боспор кьэралыгъуэм. Ди Іэрэм и ипэ ильэс миным и етІуанэ Іыхьэм адыгэхэр зэкъуэзэрэн, Зих конфедерацэр зэхащащ, Никопсис и кьалащхьэу. Курыт лІэщІыгъуэхэм я ипэ лъэхъэнэм -зихфІэщыгъэмкІэ нэгъуэщІ лъэпкъхэр кьеджэрт адыгэ лакъуэ псомк. X - XII лІэщІыгъуэхэм ятха кьэжэр, хьэрыпІ, урыс тхыдэ тхыгъэхьхэм адыгэ лъэпкъым «казог» (-кашак») цІэр иІэу кьыхоуі.

IX лІэщІыгъуэм икуэм «пщы Инал и кьэралыгъуэр», нэгъуэщІу жьпІэмэ, Зих конфедерацэр кьутэжащ. Кьэзэрэхэм я зекІуэр кьаръхьэуЫа нэужь адыгэ лъэпкъ зэгухьэныгъэр кьэунэхужащ. X - XI лІэщІыгъуэхэм абы зэгуигъэхьэжащ Зих архиескопиер зэдэщІэ Тамтаркьейр, нужькІэ ар хуэкІуащ адыгэ-славян зэгухьэныгъэм. XII лІэщІыгъуэм ирихьэлІэу, ипщэ щынапІэхэм щыпсэу лъэпкъхэр зэхэзехуэн зэрыхьуам кьыхэкІыу, Тамтаркьейр Византием и жьІэм щІэуащ. А лъхьэнэм кьыщегъэжьауэ адыгэ зэгухьэныгъэм хэтхэм щхьэхуэ защІу хуежьащ.

Адыгэхэм я бзэр хохьэ кавказыбзэхэм я абхъаз-адыгэ Іэрамэм.

2002 гъэм екІуэкІа Урысейпсо кьыхэтхыкІыныгъэхэм кьыізэрагъэльэгъуамкІэ, Урысей Федерацэм исц адыгэ мин 750-м нэбгырэ. Апхуэдэу ахэр щопсу СНГ-м ыкІи хьэ кьэрал псоми, хамэ хэгъуэгу 40-м щІигъуми. КьызэралытьэмкІэ, нэгъуэщІ къэралхэм псори зэхэту адыгэу щопсу мелуани 8-м нэбгырэ.

Адыгэхэр мусльымэн-суннитхэщ, языныкьуэ мэздэгу адыгэхэм кьищынэмыщІа. Абыхэм я нэхъыбэм чыристан диныр зэрахь.

ДУМЭН Хьэсэн.

Щыщылъэм и 19-м ди газэтым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **5.** Кьэптал. **6.** Уэнжакъ. **7.** Тхъэрыкьуэ. **9.** Бжэныхьуэ. **14.** Хьэлэл. **16.** ХьэмкІэ. **17.** Умэ. **18.** Шыд. **20.** Дэп. **23.** Лагъым. **24.** ШІырыкьу. **26.** Кьэгъакъ. **28.** Пыл. **29.** Нэд. **31.** Дыгъу. **33.** Псынэ. **36.** Набдзэ. **37.** ГурыфІыгъуэ. **39.** Бжэндахьу. **41.** ЛІэщІыгъуэ. **42.** Кьэндур.

Кьвхьу: **1.** Епэр. **2.** Кьанкъуэщ. **3.** Кьэнжал. **4.** Бжэн. **8.** Хьэлэ. **10.** Хьурмэ. **11.** Тхьэщэ. **12.** Шэмэдж-гъэдыргъ. **13.** Хьэсет. **15.** Лашэ. **16.** Хьэпс. **19.** Дэлэл. **20.** Думэн. **24.** ШкІэпльэ. **25.** Кьупхьэ. **26.** Кьудан. **27.** Кьалэн. **30.** Мыкьур. **32.** Гъубжэ. **34.** Мэгъуагъуэ. **35.** Хьэждал. **38.** ФІыщІэ. **40.** Надэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Нартыху хьэлІамэ

НАРТЫХУ хьэжыгъэр яухуэнщІри тепщэчышхуэм иракІутэ, бзлагъкІэ зэІащІэхэр, щыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэкІэ япщ. ХуищІынэм и щхьэр трапІэ, дакьикьэ 15 - 20-кІэ ягъэупщІыу. ИтІанэ абы гуэдз хьэжыгъэ уухуэнщІа щІапщэри, и щхьэр тепІауэ сыхьэти 10 - 12-кІэ щІыІапІэм щагъэт, хупщІынэм Іофі кьыщІыхьэн щхьэкІэ. Иужькіэ, Іэр псыф ящІурэ, ар Іыхьэ-Іыхьэу яупІэпІ - я Іувагъыр см 1,5 - 2, я хьэлъагъыр г 120 - 130-рэ хъуэу - хьэлІамэ пІащІэ хъурейхэр кьыхащІыкІ. Ахэр шыгъу зыхэль псы къэкъуалъэм хадзэри, дакьикъ 30 - 40-кІэ ягъавэ, хьэлІамэхэр и щхьэм кьыдридзенху.

ХьэлІамэр хьэлІамэпс къэкъуалъэм зэрыхадзэу бзлагъкІэ зэІащІэ - щІэтІысыкІыу и лъабжьэм кьыкІэрыпнахэр кьыкІэрыкІыжьи щхьэкІэ. Зэрагъавэ шыуаныр нимэ, абы 3 - 4 хальхьэ, ауэ, дапщэ хъуми, ахэр псым щІигъанэу, мыщащэу, зэкІэрымыпщІэу щытын хуейщ. Ва нэужь чымчыркІэ кьыхахыжри псы щІыІэ щІагъэж, хьэлІамэ щІыІум тевыхьа хьэжыгъэр кІэрихьху. ХьэлІамэр щІпщІыруи щІыІэуи яшх. 3 - 4 ильу тепщэчкІэ Іэнэм трагъэувэ. Ар шхум, шэм, шагъэ дашх, хьэлІамэшхэм драп. Лъхьжкі шхыныгъэхэми гъэщхэкІхэми дашх.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьэльым кьитхьжащ.

Балыджэ фІыцІэ зэхэупщІэта

БАЛЫДЖЭ фІыцІэр ятхэнщІ, яукъэбгри тІуащыуэ зэгуэупщІыкІри ятхъунщІ, абы хьурейуэ, пІащІэу упщІэта бжьыныщхьэ, шыбжий пльыжь, фІыцІэ хьэжахэр, шыгъу халъхьэ, серчэ хакІэ. А псори фІыуэ зэхагъэзэрыхьри тепщэчым ираІухьэ, и щхьэм дахэу упщІэта балыджэ пльыжь зэгъэзэхуауэ тралъхьэ. ЩІакъуэ, лъэхъум, кІэрТІоф гъэва, кІэрТІоф пІастэ, чыржьи дашх. ЛъхьжкІ шхыныгъэхэми дашх. Зи бгъэм щІыІэ хьыхьахэм яшхыну сэбэпыщхъуэ.

Халъхьэхэр (щІыхьуитІ Іыхьэ): балыджэ фІыцІэу - г 200, бжьыныщхъэ упщІэтауэ - г 30, балыджэ пльыжьу - г 60, серчэу - г 15, шыгъуэу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьэльым кьитхьжащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэс Заурбэч (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬЖЗМЫХЬУ Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэмэн Залинэ, Къардэн Маринэ, НэщІэныдж Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еІтуанэ епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумрэ Іуэхущапіэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; суратхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхутъуэхэм я пжагьымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплькІэр зэтехуэу зэныту щыткьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хьумэныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокьуэ Эллэ, редактору Хьэжыкьарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр щІащ* Ныр Саидэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ»-м и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.045● Заказ №190

синий красный черный